ДызрикIуапхъэ гъуэгур пхышащ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Спортыр къыхах

3-нэ нап.

Адыгейм и «дыщэ хужьыр» яIэт

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№113 (24.863) ● 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы туменщ

Къэрал мылъкур зэгъэзэхуэным теухуауэ

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий Псыхуабэ щригъэкIуэкIащ КИФЩI-м мылъку зэблэгъэкIыным теухуа хабзэр къызэпызыудхэм япэщIэтынымкIэ и лэжьакIуэ гупым хэтхэм я зэIущIэ.

АБЫ хэтащ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ мы лэжьыгъэр зэхьэлIа IуэхущIапIэхэмрэ я унафэщIхэр.

Къапщтэмэ, хэплъащ лъэпкъ, къэрал, щIыналъэ проектхэр щагъэзащIэкIэ абыхэм хухаха мылъкур зэхадыгъуэным, ар нэгъуэщI IуэхукIэ къэгъэсэбэпыным пэщIэтыным, апхуэдэ хабзэншагъэ ялэжьамэ, ар къыщIэгъэщыным е къэмыгъэхъуххэным я нэIэ тетыным хуэгъэза лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхухэм.

Чайкэ Юрий зэIущIэр къыщызэIуихым къызэрыхигъэщащи, лъэпкъ проектхэмрэ нэгъуэщI Iуэхухэмрэ къыхуаутIыпщ мылъкур зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, зыхухахам трагъэкIуэдэным мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпса къалэнышхуэхэр гъэзэщIэнымкIэ, щIыналъэми, зэрыщыту къэралми зегъэужьынымкIэ.

ЗэкIэ къызэратамкIэ, 2025 гъэм щыщу блэкIа зэманым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэм бюджетхэмкIэ яIэ къалэнхэр сом меларди 134-м нагъэсащ, ахэр зытрагъэкIуэдэну зэгурыIуэныгъэ мини 3,2-м щIигъуи зэращIылIащ.

«Я къулыкъур къагъэсэбэпу хабзэм ебэкъуэнкIэ, бюджет мылъкур зэхадыгъуэнкIэ, ахъшэр зыхухахам къыхуамыгъэсэбэпынкIэ шынагъуэхэр къат а къэдгъэлъэгъуа Iуэхухэм. Абыхэм уащыпэщIэтыфынур гъэзэщIакIуэ властым и органхэр, къэпщытакIуэ, хабзэхъумэ органхэр зэдегугъумэщ зэбгъэуIумэщ, хабзэм ебакъуэхэм жэуап зэрахьынур щIэх-щIэхыурэ ягу къэбгъэкIыжмэщ, хъыбархэмкIэ нэсу икIи и чэзум зэхъуэжэныр зэтеухуа хъумэщ», - къыхигъэщхьэхукIащ полномочнэ лIыкIуэм.

ЗэIущIэр зытеухуа Iуэхур зэпкърахыу къэпсэлъащ Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэм и къудамэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI Бачурин Сергей, мылъкур къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъынымкIэ къэрал къулыкъум и IуэхущIапIэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI Русин Алексей, къэрал казначействэм и Управленэу Ставрополь щIыналъэм щыIэм и унафэщI Мажаров Николай, апхуэдэуи Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ Меликов Сергей, Ингуш Республикэм и Iэтащхьэ Калиматов Мэхьмуд-Алий, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид сымэ.

КъимыдэкIэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ балигъ мыхъуахэр къагъэсэбэпу, хабзэр къызэпауду ирагъэкIуэкI мылъку зэIэпыхыкIэм япэщIэтыным теухуа къалэнхэми.

ЗэIущIэм къриIуахэм япкъ иткIэ пщэрылъ пыухыкIахэр ящIащ, ахэр щагъэзэщIэн хуей пIалъэхэри къагъэлъэгъуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Сымаджэщым и еджапIэр зэтраублэ

«УчимЗнаем» урысейпсо Iуэхум ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыблагъэ къыщызэIуахащ япэ сымаджэщ школ.

ЕДЖАПIЭР зытещIыхьар зэман кIыхькIэ зи узыншагъэм кIэлъыплъын хуей хъу сабийхэрщ. Ар къыщызэIуахащ Узыфэ куэдым щеIэзэ республикэ сабий сымаджэщым (Налшык къалэ) епхауэ.

А Iуэхум иращIылIа зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, КъБР-м Сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ **Бэдракъ Iэминэ**, «УчимЗнаем» Iуэхур зи нэIэм щIэт **Шариков Сергей**, республикэм и министерствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ республикэм зэрыщекIуэкIыр къыхигъэщащ.

- ЦIыхум и хуитыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ щIэныгъэ зригъэгъуэтыныр. Курыт школым сабийм лъабжьэ щегъуэт, еджэным, щэнхабзэм, жылагъуэ гъащIэм хэзэгъэным, езыми зиужьыным теухуауэ, - жиIащ абы. - Ди къэралым егъэджэныгъэ Iуэхум гулъытэ ин хуещI, абы и щыхьэтуи къызолъытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сымаджэщ школыр къызэрыщызэIуахыр. Абы и къалэн нэхъыщхьэращи, сымаджэщхэм зэман кIыхькIэ щIэлъын хуей хъу сабийхэр еджэным къыкIэрымыхуу, дунейр егъэцIыхунырщ, зегъэужьынырщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт сымаджэщым махуэ 21-рэ нэхъ мащIэ щIэлъхэми школым щеджэну Iэмал зэраIэнур. Мыпхуэдэ школым къэрал псом и егъэджакIуэ, дохутыр, психолог минхэр зэрегъэуIу. Дрогушхуэ ди щIыналъэри мы Iуэху дахэм зэрыхыхьам.

Сымаджэщхэм щегъэджэныр Урысейм хабзэфIу къыщокIуэкI, ауэ иджыщ нэхъ мыхьэнэшхуэ абы иIэ щыхъуар. Дауи, ар къызэбгъэпэщыну тыншкъым. Абы хэлIыфIыхьхэм захуэзгъазэу яжесIэну сыхуейт: нобэ фэ фыегъэджакIуэ къудейкъым, атIэ икIи фыгъэсакIуэщ, сабийхэми франыбжьэгъу пэжщ. Аращ щIэныгъэ зэрабгъэдэфлъхьэм къыдэкIуэу, ныбжьыщIэхэр Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэми девгъэхьэхыну, лъэпощхьэпохэр къызэранэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу фахуэхъуну щIыфхузэфIэкIыр, я къарур я фIэщ щIыфхуэщIыр. ЕхъулIэныгъэшхуэхэр фиIэну си гуапэщ.

Егоровэм захуигъэзащ езы сабийхэми абыхэм я адэ-анэхэми:

- Нобэ къызэрымыкIуэу гугъу фызэрехьыр къыдгуроIуэри, фщIэну дыхуейт дэ сыт щыгъуи дызэрыфщIыгъур. Фи ехъулIэныгъэхэм къытхуэмыгъэсу дыпэплъэнущ. Си фIэщ мэхъу мы школыр абыкIэ сэбэп хъуну.

Сабийхэм ядэлэжьэнущ куэдым щыхурагъаджэ республикэ гимназиемрэ лэжьакIуэхэр. Абыхэм 2025 гъэм я щIэныгъэм хагъэхъуэну, Москва и IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым зыщагъэгъуэзэну Iэмал яIащ.

КъызэрыхагъэщамкIэ, сымаджэщ школым егъэджэныгъэр щрагъэкIуэкI сабийм и узыншагъэр зыхуэдэр къэлъытауэ. Ахэр ирагъаджэ «УчимЗнаем» Iуэхум къыхуагупсыса Iэмалхэр къагъэсэбэпу.

Школым япэ дерсхэр щекIуэкIащ. Москва къалэм къикIа егъэджакIуэхэм робототехникэмкIэ мастер-классхэр сабийхэм ирагъэлъэгъуащ.

Губгъуэ лэжьыгъэхэм топсэлъыхь

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Патрушев Дмитрий иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ 2025 гъэм ди къэралым и щIыналъэхэр губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыщехъулIэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэр, Росгидрометым, Росагролизингым я лIыкIуэхэр, щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Видео Iэмал зэпыщIэныгъэхэр къигъэсэбэпу зэIущIэм хэтащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн.

«УРЫСЕЙМ губгъуэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI мэкъумэшыщIэхэм зыхуагъэувыжа пIалъэм тету. Гъавапхъэм нэхъыбэу щегугъу, ахэр къыщагъэхъу щIыналъэхэм жыджэру иджыпсту ар щыIуахыж. Тхьэмахуэ блэкIам къетхьэлIэжам и куэдагъыр тонн мелуани 100-м щхьэдэдгъэхащ. НобэкIэ, мэкъумэшыщIэхэм ар тонн мелуани 105-м нэблагъэм нагъэсащ. Гъавэ къетхьэлIэжам и куэдагъыр нэгъабэрейм нэхърэ нэхъыбэщ. ЖыпIэнурамэ, зыхуэдгъэувыжауэ щыта - мы гъэм тонн мелуани 135-рэ Iутхыжыныр, ди къалэну ноби къонэж», - жиIащ Патрушев Дмитрий.

Гъавапхъэм нэмыщI, нэгъуэщI мэкъумэш къэкIыгъэхэри къэралым жыджэру мы махуэхэм къыщрахьэлIэж. Апхуэдэуи, УФ-м и щIыналъэхэм я нэхъыбэм бжьыхьэсэ лэжьыгъэм зыхуагъэхьэзыр икIи гектар мелуани 4 абы ирагъэубыдакIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми губгъуэ лэжьыгъэхэм щоужьэрэкI. Хьэцэпэцэу кърахьэлIэжар, щIыналъэм и муниципалитетхэм къата хъыбархэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, тонн мин 338,2-рэ хъуащ. Республикэм нэхъыбэу гулъытэ зыхуащI нартыхур дызыхуэкIуэ махуэхэм Iуахыжын щIадзэнущ. Абы къыдэкIуэу, сэхуранми пэрыхьэнущ. ХадэхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр, кIэртIофыр, пхъэщхьэмыщхьэр иджыпсту зэщIакъуэж.

Гъавэ Iухыжыгъуэм къыдэкIуэу, республикэм и мэкъумэшыщIэхэми бжьыхьэсэм зыхуагъэхьэзыр.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыхигъэщащ, гъавэм кIэрамыгъэхуу кърахьэлIэжыныр, ар хъумэныр губгъуэ лэжьыгъэхэм хыхьэ къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Абы щхьэкIэ, гъавэр щагъэгъущ щIыпIэхэр, хъумапIэхэр, элеваторхэр хуэхьэзыру щытын хуейщ.

Бжьыхьэсэм теухуауэ Патрушев Дмитрий жиIащ, къапщылъ лэжьыгъэр и чэзум зэфIагъэкIыным, жылапхъэхэм я фитосанитар щытыкIэхэр къэпщытэным, мэкъумэшыщIэхэр мэкъумэш техникэхэмкIэ, жылапхъэхэмкIэ, щIыгъэпшэрхэмкIэ, гъэсыныпхъэхэмкIэ къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Кавказыр ди нэгу къыщIэзыгъэхьэхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Мыр Кавказырщ» порталым ехъуэхъуащ ар илъэси 10 зэрырикъуамкIэ.

«МЫР Кавказырщ» хэщIапIэм и илъэси 10-р егъэлъапIэ, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и напэкIуэцIым. - Дызэрыт зэманым хъыбарегъащIэ зэпыщIапIэхэр зыр адрейм пеуэныр кIуэ пэтми нэхъ гугъу мэхъу, сыту жыпIэмэ, интернетым и фIыгъэкIэ, къэхъуар къэпщIэну тыншщ, псори псынщIэу хэIущIыIу ящIыф.

Апхуэдэхэм ящыщу япэ ищыр цIыхубэм папщIэ Iуэхур нэхъ гъэщIэгъуэну къызэзыгъэпэщхэрщ. «Мыр Кавказырщ» порталри абыхэм я щапхъэщ. Сыт щыгъуи жыы щIэту, щIэщыгъуэу, гъэщIэгъуэну матхэ абы щылажьэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрми, Кавказ Ищхъэрэми, Урысейми щыпсэу дэтхэнэ зыми абы къыщигъуэтынущ тхыгъэ купщIафIэ.

Мыбы щолажьэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, иджырей щыIэкIэ-псэукIэр, гъащIэр къызыфIэIуэху журналист Iэзэхэр. Щэнхабзэм, спортым, тхыдэм, экономикэм, туризмэм теухуауэ абыхэм сытым дежи цIыхухэм жраIэжын гуэр яIэщ. Абыхэм я фIыгъэщ къэралым щыпсэухэм я нэгум Кавказ Ищхъэрэм и теплъэр гуакIуэу къызэрыщIэувэр.

Илъэси 10-м къриубыдэу порталым къытехуащ тхыгъэ мини 4-м нэс, хъыбар мин 50-м щIигъу щызэIэпахащ.

«Мыр Кавказырщ» порталым гурэ псэкIэ сохъуэхъу и юбилеймкIэ, дяпэкIи ехъулIэныгъэ яIэу лэжьэну си гуапэщ!»

Гъуэгухэмрэ уэздыгъэхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ хэха щыхуащI машинэзехуэхэмрэ цIыхухэмрэ я шынагъуэншагъэр, тыншыпIэр гъуэгухэм къыщызэгъэпэщыным. А лэжьыгъэхэм хохьэ республикэм и гъуэгубгъухэр иджырей уэздыгъэхэмкIэ къызэщIэгъэнэхуэныр.

ХЪЫБАР зэрыщыIэмкIэ, дызэрыт илъэсым и кIэм нэсыху КъБР-м и щIыналъэхэм щаукъуэдиинущ ток кIапсэу километр 60-м щIигъу. Абы щыщу километр 40-р Терекскэ, Щхьэлыкъуэ, Аргудан, Котляревскэ, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэмрэ Нарткъалэ, Тэрч, Май къалэхэмрэ хуозэ.

Абыхэм нэмыщI, иджыпсту республикэм щрагъэкIуэкI гъуэгу лэжьыгъэхэм хиубыдэу, «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, иджыри километр 20 хуэдиз ток кIапсэу гъуэгухэм щызэпхрашынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Курп лъагапIэхэм ящIэж

Къэралым къихъуэ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ етыным дапщэщи, псом хуэмыдэу мы зэманым, гулъытэшхуэ хуащI. А къалэныр гъэзэщIэныр, ныбжьыщIэхэр ди щIыналъэм и тхыдэм щыгъэгъуэзэныр я мураду, Iуэху екIу иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ Тэрч районым. Налшык дэт курыт школ №33-м и еджакIуэхэр щыIащ ди республикэм и щIыпIэ цIэрыIуэхэм ящыщ зым - Курп лъагапIэхэм. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм абдеж щекIуэкIауэ щытащ Кавказыр хуит къэщIыжыным хуэгъэза зэзауэхэм я нэхъ гуащIэхэм ящыщу 1942 гъэм и бжьыхьэм щыIар.

НАЛШЫК икIа ныбжьыщIэхэр япэу къыщыувыIащ Хэкум папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъу Тэрч къалэм дэтым деж. Абыхэм гуапэу къаIущIащ Тэрч щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм, Ветеранхэм я советым я лIыкIуэхэр. Ахэр школакIуэхэм гупсэхуу яхутепсэлъыхьащ я щIыналъэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я гъащIэм, зэрахьа лIыгъэмрэ къакъуэкIа хахуагъэмрэ. Апхуэдэу Iуэхум хаша ныбжьыщIэхэм адэкIэ яунэтIащ зэзауэ гуащIэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм, зрагъэлъэгъуащ зауэлIхэм я фэеплъхэр, школ музейхэм зыщаплъыхьащ.

ГущIыхьэ ящыхъуауэ школакIуэхэр едэIуащ 1942 гъэм и гъэмахуэм Тэрч щIыналъэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта партизан гупым хэтахэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэраIэщIэкIуэдам теухуа хъыбархэм. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, цIыху 50 хъу партизан гупым партым и унафэкIэ игъэзащIэрт 317-нэ фочауэ дивизэм пщэрылъ къащищIа тIасхъэщIэх Iуэхухэр. Я пщэрылъхэм ящыщ куэд зэфIахауэ, гупым щыщ цIыху 38-рэ нэмыцэхэм яубыдауэ щытащ икIи, щысхьрабгъу ямыIэу хьэзаб куэд трагъэлъа нэужь, Дей жылэм и IэшэлъашэхэмI деж щаукIауэ щытащ. Партизанхэм я нэхъыжь дыдэм и ныбжьыр илъэс 83-рэ хъурт, нэхъыщIэ дыдэр илъэс 13 ирикъуауэ арат...

- Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр щысхьакъым зыми: зи ныбжьыр хэкIуэтахэми, бзылъхугъэхэми, сабийхэми. Псори зэтраукIат а лIыукIхэм, - жиIащ Тэрч районым и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ IэщIыжь Владимир. - АтIэми, бийм хулъэкIакъым цIыхубэм я гум ТекIуэныгъэ инымкIэ илъ фIэщхъуныгъэр ирихыфын. Тэрч лъагапIэхэм зи псэр щызыта зауэлI-хэкупсэхэм хуэдэхэм я фIыгъэщ ди къэралым Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ иныр къызэрыщихьар. Дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым лIыхъужьхэм яхэлъа къэмылэнджэжагъэр.

Фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, пэкIум хэтхэр дэкIуеящ Курп лъагапIэхэм. Абдеж ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ Урысейм и къэлъыхъуакIуэ зэщIэхъееныгъэм хэт, Урысей географие зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ ЩIалэгъуалэ центрым и унафэщI Мокаев Тенджыз. Абы и псалъэм къыхигъэщащ Курп лъагапIэхэм щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэр Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцI нэхъ хьэлъэхэм зэрыхалъытэр.

- 1942 гъэм и бжьыхьэм щегъэжьауэ ди республикэм и щIыпIэ куэдым щекIуэкIащ лъыгъажэ зэзауэхэр. Абыхэм ящыщщ Курп Ипщэмрэ Ищхъэрэмрэ хиубыдэ щIыпIэхэм, адрыщIкIэ, Осетие Ищхъэрэмрэ Ингушымрэ, я щIыналъэхэми щекIуэкIахэр. А щIыхэр совет зауэлIхэм я лъым ириIауэ апхуэдэти, гуузт, гукъутэт а теплъэгъуэхэр, - къыхигъэщащ Мокаевым. – Дауэ хъуми, ди зауэлIхэм, партизан щхьэмыгъазэхэм яхулъэкIащ бийр адэкIэ кIуэцIрамыгъэкIын, Мэлгъэбэг, Грознэ, Баку щIыпIэхэм къыщыщIаш щIыдагъэм лъамыгъэIэсын. КъызэрымыкIуэ лIыгъэшхуэ къагъэлъэгъуащ, я псэхэр халъхьэу. Дызытет лъагапIэхэр кIуэдыпIэ яхуэхъуащ бий ерум и дзэхэм ящыщу мин 20-м. Ди зауэлIхэрэ офицеру Курп лъагапIэхэм щекIуэкIа зэзауэхэм щыхэкIуэдащ мин 17-м щIигъу.

АдэкIэ ныбжьыщIэхэр щыIащ Курп Ипщэм дэт курыт школым. Абыхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ совет зауэлI 367-м я кхъащхьэм. ШколакIуэхэм зыщрагъэплъыхьащ еджапIэм Зауэ щIыхьымкIэ и музейм. Къыхэдгъэщынщи, ар халъытащ ди республикэм щылажьэ апхуэдэ IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм. Школым и унафэщI Шэрий Раметэ, абы и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIуэхэмрэ хьэщIэхэр щыгуазэ хуащIащ Хэку зауэшхуэм хэта я къуажэгъухэм зэрахьа лIыгъэхэм, а унэтIыныгъэмкIэ ирагъэкIуэкI къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэми тепсэлъыхьащ.

Апхуэдэу купщIафIэу ирагъэкIуэкIащ махуэр фэеплъ пэкIум хэтахэм. Шэч хэлъкъым абы къриубыдэу ныбжьыщIэхэм зэхаха, ялъэгъуа псори абыхэм я гум къызэринэнум, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъыр яхъумэу, яхэлъа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ иригушхуэу.

КЪАРДЭН Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэщIэхъееиныгъэм дэлэжьэнымкIэ щыIэ Республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къыдигъэкIа Указ №102-УГ-мкIэ къащтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэщIэхъееиныгъэм дэлэжьэнымкIэ щыIэ Республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и деж Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэщIэхъееиныгъэм дэлэжьэнымкIэ щыIэ Республикэ зэзыгъэуIу советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къыдигъэкIа Указ №102-УГ-мкIэ къащтам мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къэкIуэнухэр:

Бэдракъ А. С. - Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэрызэгурыIуам тету)*

Быф А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр

Джатэ Т. Т. - «Юнармия» Урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ дзэ- хэкупсэ жылагъуэ зэщIэхъееиныгъэм и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и штабым и унафэщIыр *(зэрызэгурыIуам тету)*.

б) Кожухов К.В. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу тхын: «Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэрызэгурыIуам тету)*»;

в) Советым хэгъэкIыжын Миронов М.М., Лъынэ С.А., ЩоджэнцыкIу М.Л.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2025 гъэм фокIадэм и 12-м
№99-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 26-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къащтам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 26-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ ягъэувам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, абы зэрызэгурыIуам тету Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым следствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Фишман А.М. хэгъэхьауэ икIи Потапов А.Е. къыхэгъэкIыжауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2025 гъэм фокIадэм и 12-м
№101-УГ

ДызрикIуапхъэ гъуэгур пхышащ

«Ислъам диныр хабзэ хъуауэ зытет мэсхьэбхэр зэIузэпэщыгъэм и лъабжьэщ» - ар и фIэщыгъэу «Азимут» зыгъэпсэхупIэм фокIадэм и 16-м щызэхэтащ щIыналъэ зыбжанэм зэдай зэхуэсышхуэ. Республикэм Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту, ар къызэригъэпэщат КъБР-м и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм.

КЪЭРАЛ къулыкъущIэхэр, муслъымэн дин щызэрахьэ щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, диным хуеджэ студентхэр къеблэгъат «Мэсхьэбым къыщхьэщыжхэр» проектым и япэ Iыхьэ хъуа зэхуэсым. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и муфтийм и къуэдзэ, Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ ислъам университетым и егъэджакIуэ Сыжажэ Алим.

Хабзэ зэрыхъуауэ, зэIущIэр КъурIэн лъапIэм и IэятхэмкIэ къызэIуахащ. Къеджар Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и егъэджакIуэ пажэ, Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Сэбаншы Мухьэдинщ.

«Ди зэхуэсым щхьэусыгъуэ хуэхъуар дызэрыт зэманым цIыхухэм я гупсысэкIэр ягъэутхъуэным, мамырыгъэр къагъэтIэсхъэным хущIэкъу куэд зэрыщыIэрщ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Сыжажэ Алим. - Урысейм ис муслъымэнхэр ижькIэ зытет хьэнэфий мэсхьэбым зыщIэдгъэкъуэн папщIэщ мыр щIызэхэтшар, апхуэдэ щIыкIэу зыр адрейм драуштын папщIэ, диныр къэзыгъэщхьэпэну хэтхэм яхуэфэщэн жэуап еттыжу. «Мэсхьэбым къыщхьэщыжхэр» зыфIэтща проектымкIэ ди къэралым и зэIузэпэщыгъэр, абы щыпсэу цIыхухэм я гупсысэкIэм и къабзагъэр къэтхъумэнырщ ди плъапIэр. Хьэнэфий мэсхьэбым и мыхьэнэр къэгъэщIэрэщIэжынри абы къыщхьэщыжынри а мурадым и зы Iыхьэщ. ЦIыхуищэм нэс къызэщIэзыубыдэ нобэрей зэхуэсыр проектым и япэ лъэбакъуэщ, абы къыкIэлъыкIуэнущ щIэныгъэ щызэIэпах дерсхэмрэ зэхуэсхэмрэ, псори зэхэту цIыху 300-м нэс хедгъэубыдэу, район щхьэхуэхэм семинари 10-м нэс щедгъэкIуэкIынущ».

Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Мисиров Хъызыр и фIэхъус псалъэм къыщыхигъэщащ щIалэгъуалэм я акъылыр зыгъэутхъуэ «щихъхэр» интернетым изу зэритыр. Ди бийхэм ягъэхьэзыр апхуэдэ цIыхухэм ислъамым и лъабжьэр щIаудын мурад фIэкIа яIэкъым. Пэжщ, мэсхьэб зыбжанэ щыIащ диныр къыщежьам щыгъуэ, ауэ лъабжьэрэ тегъэщIапIэрэ хъуар нобэ зетхьэ мэсхьэбиплIырщ, абыхэм дытекIмэ, дыгъуэщэну аращ. Мисировым къыхигъэщащ Урысейм ис муслъымэнхэм диIэ хуитыныгъэм хуэдиз хьэрып къэралхэм нэгъунэ зэрамыIэр. Ди къэралым дин IуэхукIэ илъ зэIузэпэщыгъэр къагъэтIэсхъэныр яхуэдэ хъунукъым, щIалэгъуалэри зэмыдэIуапхъэм емыдэIуэным хуэдущиин хуейщ.

Зэхуэсым егъэблагъэ псалъэкIэ зыхуигъэзащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым и федеральнэ инспектор КъуэщIысокъуэ Тимур. Чайкэ Юрий и фIэхъусыр къызэхуэсахэм ярихыжа нэужь, абы къеблэгъахэм фIыщIэ яхуищIащ, къаIэта Iуэхум мыхьэнэ ирату, гъуэгу зэрызэпачам папщIэ. Апхуэдэ дыдэ фIыщIэкIэ КъуэщIысокъуэм захуигъэзащ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэми.

АдэкIэ псалъэ къиштащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Жамболэт. «Мыбдежым къыщыфIэта Iуэхур игъуэ дыдэщ, - жиIащ къулыкъущIэм. - Нобэ интернетым уихьэмэ, «нэмэзыр пцIыуэ фощI», «Алыхьым пхэнжу фолъэIу», «апхуэдэукъым муслъымэнхэр зэрыщытын хуейр» жызыIэхэр вагъуэм япэб хъуащ. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэ лъандэрэ, ахэр нэхъри нэхъыбэ мэхъу. Я мурадри гурыIуэгъуэщ: муслъымэнхэр хуиту щыпсэу ди къэралыр зэпкърагъэхуынырщ, лъэпкъ дыкъызыхэкIахэмрэ дызытет динхэмрэ яхудиIэ фIэлIыкIыр къагъэщхьэпэу, ди зэхуакум мафIэ къыдадзэнырщ. Абыхэм япэщIэдгъэувэну диIэр зы Iэмал закъуэщ - щIэныгъэрщ».

Зэхуэсым псори зэхэту цIыху 16 къыщыпсэлъащ, дэтхэнэ зыми жиIар газет IэмалкIэ убгъуауэ къытхуэгъэлъэгъуэжыну къыщIэкIынкъым, ауэ къаIэта Iуэхум теухуауэ псоми гууз-лыуз зэраIэр наIуэт. Ар къыхэщащ утыку къихьа хьэщIэхэм жаIахэми. Ахэр Къалмыкъ Республикэм къикIа нэхъыжьыфI, муфтийм и къуэдзэ Зияутдинов Рэджэб, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и муфтийм и къуэдзэ Аршиев Батрэз, КъШР-м и муфтийм и къуэдзэ Апсов Анзор, Кисловодск и раис-Iимам Бердиев Мурат, Хасавюрт къалэм и Iимамхэм я советым и унафэщI Магомедов Магомед, Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ я муфтийм и къуэдзэ Хъущт Мурат, Иордание къэрал университетым и магистрант Алий Руслан сымэщ. Дэтхэнэ зыри мы зэхуэсым къыщаIэта Iуэхум теухуауэ я щIыпIэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм кIэщIу тепсэлъыхьащ, диным къебгъэрыкIуэхэм пэбгъэувыну зэкъуэтыныгъэм нэхърэ нэхъ IэмалыфI зэрыщымыIэр къыхагъэщащ. «Ди зэхуэсым и мыхьэнэр къызэщIиубыдэу, зы хьэдис закъуэ къэсхьыну сыхуейт, - жиIащ Аршиев Батрэз. - «Алыхьталэр фIыкIэ зыхуэупсам динымкIэ зэхэщIыкI кърет». А Iущыгъэм хуэдэу мы Iуэхум хуэкIуэ гъуэтыгъуейщ».

Хьэнэфий мэсхьэбым и тхыдэм, и тегъэщIапIэхэм, ар зэфIэувэн папщIэ къаруушхуэ зэрытекIуэдам тепсэлъыхьащ Налшык щыщ дин щIэныгъэрылажьэхэр. «Мэсхьэбым утетыным и мыхьэнэр» зи фIэщыгъэ къэпсэлъэныгъэкIэ утыку къихьа Джэдгъэф Аслъэн къыхигъэщащ дин зезыхьэ цIыхум ущиякIуэ игъуэтыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Езы диныр къытхуэзыхьа Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам ДжэбрэIил мелыIычыр ущиякIуэу къыхуигъэкIуат. Дэ дауэ «сэ езым псори къызгуроIуэ» зэрыжытIэнур? Ди япэ итахэр зрикIуа гъуэгум дытеплъэкъукIмэ, дыгъуэщэнущ, ар щIэрыщIэу къызэIухыжын хуэмейуэ, гъуэгу нэхущ, захуэщ, тыншщ, абы делъэпауэ хъунукъым», - жиIащ Джэдгъэфым.

Иордание къэрал университетыр къэзыуха, Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и егъэджакIуэ Бажэ Аслъэн и къэпсэлъэныгъэр теухуат хьэнэфий мэсхьэбым зыгуэр тегъэщIапIэ ищIын папщIэ, къигъэув мардэхэм. Ахэр ткIий дыдэу зэрыщытым, Iэбу Хьэнифэ гугъу зезыгъэхь цIыху щыпкъэу, егъэлеяуэ набдзэгубдзаплъэу зэрыщытар къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Аслъэн. «Хьэдис гуэр тегъэщIапIэ ищIын папщIэ, Iэбу Хьэнифэ ар къэзыIуэтэж цIыхур абы тетрэ темытрэ кIэлъыплъырт. «Сэ си еплъыкIэр КъурIэнымрэ суннэмрэ темыхуэу къыффIэщIмэ, си еплъыкIэр къэвгъани, КъурIэнымрэ суннэмрэ фытет», - яжриIэрт. Апхуэдэ щапхъэхэр къиxьурэ, егъэджакIуэм къызэхуэсахэм я нэгум къыщIигъэхьащ Iэбу Хьэнифэ и цIыху щIыкIэри абы тралъхьэ пцIыхэр зэрыхуэмыфащэри.

Маликий мэсхьэбымрэ хьэнэфийхэр зытетымрэ зэрызэхущытым, ахэр зэрызэмыщхьым уигъэгужьеин зэрыхуэмейм тепсэлъыхьащ Ливием щыIэ ислъам университетыр къэзыуха ЕхъулIэ Мухьэмэд.

Иужьрей илъэс 20 - 30-м зызыубгъуа еплъыкIэ пхэнжхэр къызыхэкIар мэсхьэбыншагъэр хабзэ ящIыну зэрыхэтам зэрепхар и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетыр къэзыуха Тогузаев Абдулыхь.

ЩIэщыгъуэу, купщIафэу, щIэныгъэ тегъэщIапIэхэм яхуэкIуэ щапхъэкIэ и псалъэр гъэнщIауэ, зэхуэсым и кIэухым утыкум къыщыпсэлъащ КъБР-м и муфтийм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и къуэдзэ КIэрэф Жамболэт. Псэлъэн щыщIидзэм, Жамболэт къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ илъэс ипэкIэ мыпхуэдэ дыдэ зэхуэс зэрекIуэкIар. «Абы щыгъуэм псалъэ къыщызатым, жысIат: «Фигу ирихьхэр нэхъ мащIэ хъуну фыхуеймэ, сом мелуан къызэфти, сэ зыгуэр фхуэсщIэнщ. Арати, зэхуэс нэужьым министрыр къызэджэщ, улэжьэнумэ, мис мыр Iэмалщ жиIэри, мы проектыр зэрызэфIэтхыну гъуэгум дыхуиунэтIащ. Абы лъандэрэ, Iэмал нэхъыбэ диIэщи, Алыхьыр арэзы къахухъу».

КIэрэфым и къэпсэлъэныгъэр теухуат мэсхьэб кIуэдыжахэм я тегъэщIапIэхэр нобэрей IуэхукIэ къэбгъэщхьэпэ зэрымыхъунум, сыту жыпIэмэ, абыхэм я пэжыпIэр зэхэбгъэкIыну Iэмал куэд щыIэкъым. «Мыпхуэдэ Iимамым мыпхуэдэ еплъыкIэ иIэщ жаIэри, мыхъуну гуэр яукъуэдийуэ къаублащ, ипэ псэуахэм я цIэхэр кърагъэу. Ауэ, япэрауэ, апхуэдэу а Iимамым жиIарэ жимыIарэ зэхэбгъэкIыну гугъущ. ЕтIуанэу, жиIэпауэ щытми, ар абы зыхужиIа псэукIэмрэ щыжиIа щIыпIэмрэ, зытеухуа цIыхухэр дэ дэмыщхьынкIи мэхъу, абы къыхэкIыу, ар гъуазэ тщIы хъунукъым».

Зэхуэсыр щызэхуищIыжым, Сыжажэ Алим къыхигъэщащ зэIущIэр зытеухуар КIэрэф Жамболэт игу къызэрыкIар, щхьэпагъ куэд къишэнкIи зэрыщыгугъыр.

Iуэхум хэзыщIыкIхэр щыдиIэкIэ, зыхэдмыщIыкIым нэуфIыцIщхьэрыуэу дыхэмылъадэу, зетхьэ динми дызыхалъхуа лъэпкъми зэрахуэфащэу, дыщIэупщIэмэ, арагъэнщ щыуагъэм щыхъума дыщыхъунур. Аращ екIуэкIа зэхуэсым и мыхьэнэр зэрыиныр уи фIэщ зыщIыр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

И къуажэгъухэр ирогушхуэ

ЛIэщIыгъуэ гъуэгуанэ къэзыкIуа «Адыгэ псалъэ» газетым и тхыдэм зи цIэр къыхэна и лэжьакIуэхэм ящыщщ мы гъэм къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирикъу Кхъуэлуфэ Хьэжбат Цру и къуэр.

ЖУРНАЛИСТ, тхакIуэ, искусствовед Кхъуэлуфэ Хьэжбат (1915 - 1969) къыщалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бахъсэн районым хыхьэ Къызбрун-3 (иджы Дыгулыбгъуейщ) къуажэм. Гугъуехьышхуэхэр и сабиигъуэм пыщIауэ щытами, абы курыт щIэныгъэ зригъэгъуэтри, а илъэсхэм ар куэдым яхузэфIэкIыртэкъым, а зэманым къэралым щыцIэрыIуэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, Крупскэм и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт, Коммунист политикэ-узэщIакIуэ институтым щIэтIысхьащ. Ар къиухащ Хэку зауэшхуэм щIидза нэужь. И узыншагъэм къызэримыхьым къыхэкIыу армэ къулыкъум ираджатэкъыми, и лъахэм къигъэзэжыну Iэмал иIэт, арщхьэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист дзэхэм яубыдащ. Абы и къуэш нэхъыжьыр тылым къыщанат, лъахэм къызэригуахэм щэхуу ебэныну и къалэну. АрщхьэкIэ, бзэгу яхьри ар бийхэм яубыдащ, хьэкIэкхъуэкIагъэ хэлъуи яукIащ. А гузэвэгъуэшхуэм Хьэжбат и гъащIэми, и творчествэми лъэужь хэмыгъуэщэжын къытринащ. Ленинград областым ирагъэкIри, Башкир АССР-м къыщыхутати, зауэр иухыху абы щыIащ, щIыпIэм и щэнхабзэ IэнатIэхэм щылэжьащ.

И адэжь щIыналъэм къигъэзэжа нэужь 1945 гъэм къыщыщIэдзауэ Кхъуэлуфэ Хьэжбат щытащ Къэбэрдейм и министрхэм я советым епха Адыгэ радиокомитетым и редактор нэхъыщхьэу, унафэщIым гъуазджэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу.

1946 гъэм ар ягъэуващ Ленинград консерваторием егъэщIылIауэ къызэIуаха Къэбэрдей опернэ студием и унафэщIу. ЕджапIэ цIэрыIуэм и профессор-егъэджакIуэ гупым ящIыгъуу, абы къаруушхуэ ирихьэлIащ ди республикэм щыщхэм макъамэ щIэныгъэ екIу зыIэрагъэхьэным. Пэжщ, мэжэщIалIагъэр, фашист гущIэгъуншагъэр зыгъэв къалэм къыщыхута ди лъахэгъу псоми яхуэшэчыртэкъым зыIууа гугъуехьхэр. Язынықъуэхэм хуэмурэ я унэм ягъэзэжырт. Куэдым еджэным пащащ Хьэжбат и фIыгъэкIэ. Абы и улахуэмрэ гонорархэмрэ щыщ мымащIэу ятригъэкIуадэрт хуэныкъуэ студентхэм. А студием къыщIэкIахэрщ лъабжьэ хуэхъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэ щэнхабзэм, абы и зыужьыныгъэм.

Налшык къигъэзэжа иужь Кхъуэлуфэ Хьэжбат щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэу щытащ, ар жыджэру хэтащ къэбэрдей IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымрэ джыжынымрэ, нарт хъыбархэр къыдэгъэкIыным. ИужькIи щылэжьащ Радиокомитетым, республикэ газетхэм я редакцэхэм.

Абы и IэдакъэщIэкIщ печатым къытехуа тхыгъэхэр, радиокIэ къата очеркхэр, репортажхэр, корреспонденцэхэр, апхуэдэуи повестхэр, рассказхэр, пьесэхэр, тхылъыщIэхэм ятеухуа рецензэхэр. Псом хуэмыдэу къахощхьэхукI лэжьыгъэм щыпэрытхэм, щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм, лIыхъужьхэм я гъащIэм теухуа удэзыхьэх газет, журнал очеркхэр.

Кхъуэлуфэ Хьэжбат Цру и къуэм кърататщ «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и зэманым и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр.

ИпэжыпIэкIэ, зи цIэр тхыдэм къыхэна цIыху телъыджэщ, щалъхуа Дыгулыбгъуей къуажэр зэрыгушхуэщ, сыт хуэдэ гугъуехьми пэлъэщу гъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIуа, лъэужьыфI къэзыгъэнащ Кхъуэлуфэ Хьэжбат.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Гъэсыныпхъэхэм я уасэм егъэпIейтей

КъБР-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъэсыныпхъэхэм я уасэм иужьрей зэманым щIыхэхъуам и щхьэусыгъуэхэмрэ Iуэхур зэтес щIыжынымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ.

УФ-м и щIыдагъэ-газ компаниехэм я къудамэу республикэм щыIэхэм я лIыкIуэхэм, бензин щрагъахъуэ станцхэм щылажьэхэм яхуэзащ министр Iэхъуэбэч Щамилрэ УФ-м и ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Къуныжь Залинэрэ.

ГъэсыныпхъэхэмкIэ ди щIыналъэр къызэзыгъэпэщ компаниехэм я лIыкIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр абы щыжаIащ икIи къыхагъэщащ апхуэдэу республикэр зрикъун зэрыщыIэр, ямыгъэувыIэуи щIыналъэм къызэрашэр.

Къуныжь Залинэ зэрыжиIамкIэ, ФАС-м и лэжьакIуэхэм гъэсыныпхъэхэм я уасэхэм зэрызахъуэжыр махуэ къэс къапщытэ, бензин станцхэм абы щхьэкIэ зыхуэныкъуэ хъыбархэр къыIах икIи щхьэусыгъуэншэу уасэр дэзыгъэкIуейхэм ехьэлIауэ унафэхэр къащтэнущ.

Iэхъуэбэч Щамил зэIущIэм хэтахэр къыхуриджащ гъэсыныпхъэхэм я уасэхэр зэпIэзэрыт щIыжыным нэхъ жыджэру елэжьыну икIи жиIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а Iуэхур и нэIэ зэрыщIэтыр.

«Ди къалэн нэхъыщхьэу щытыр ди цIыхухэм дащIэгупсысынырщ, мэкъумэш хозяйствэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм деж зи дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэр хуэныкъуэ хъу IэнатIэхэмрэ щылажьэхэр яхэтыжу. Министерствэр хьэзырщ, и къалэным къызэриубыдкIэ, Iуэхум теухуауэ и зэфIэкI хилъхьэну», - жиIащ Iэхъуэбэч Щамил.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ зэманыфI дэкIами, абы и Iэужь шынагъуэхэр ноби бэм япкърытщ. ТекIуэныгъэр къагъэблагъэу зэуапIэ губгъуэм зи псэр щызытахэм, къэзыгъэзэжу къэралыр къэзыIэтыжахэм я фэеплъыр ягъэлъапIэу, яхуэфащэ пщIэ хуащIу щIэблэр къогъуэгурыкIуэ.

ЛIыгъэ щIапIэ лIы икIуадэркъым

КЪЭРАЛЫР псээпылъхьэпIэ щихуэм, ди цIыхухэр зэщIэтаджэри, зылI и быну, бий ерум пэщIэуващ. Ноби апхуэдэ хъуагъэщагъэ зезыхьэ къыкъуэкIащи, ди щIалэ хахуэхэр дзэ Iуэху хэхам хэтщ адэшхуэхэм я щапхъэм тету я Хэкур яхъумэну, бзаджащIэ ерухэм я щхьэр кърамыгъэIэту. Догугъэ а зауэ гуащIэри ди ТекIуэныгъэкIэ иухыну, ди щIалэхэр узыншэу къытхуэкIуэжыну.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Терекское (Болэтей) къуажэм щыщу щIалэ 232-рэ зэуапIэм кIуати, 166-м къагъэзэжакъым. Абыхэм яхэтт щIалэ дыдэхэри ныбжь зиIэхэри. Зи насып къихьу къэкIуэжахэм ящыщт Джазэ НэIиб и къуэ Исмэхьил. И пэм къыщыщIэдзауэ иухыху ар зауэ гуащIэм хэтащ, мафIэ лыгъэм и гъуэгуанэ хьэлъэр зэпичащ. ЛIыгъэшхуэ зэрихьащ Исмэхьил, фашист зэрыпхъуакIуэхэм хахуэу езэуащ. Абы и щыхьэтщ къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэ лъапIэхэр.

Девгъэплъыт зы лIым хузэфIэкIам: зауэлI хахуэ, снайпер, сапёр Iэзэ, колхозым и лэгъупэжь. Джазэ Исмэхьил нэхъыжьыфIт, цIыху губзыгъэт, гъащIэм и пIалъэ зыщIэ ущиякIуэт.

1943 гъэм и мэлыжьыхь мазэм, къапэщIэта бийр хагъэщIауэ, Исмэхьил зыхэт частыр ипэкIэ кIуатэрт. КъызэдзэкъэкIми, фашистхэм я къарур зэрыщIэкIыр нэрылъагъут. Дивизэм и унафэщIым Джазыр иреджэри, къалэн къыщещI: «Ныжэбэ нэхъ фIэмыкIыу тIасхъэщIэх фемыжьэу хъунукъым». Нэхъыжьым къыпхуищIыр унафэти, тэтэр щIалэ Утяшев Михаил зыщIегъури йожьэ, бийм и щIыб къыдохьэри, я быдапIэм йопщылIэ. Абдежым плъырхэр куэду щызэблэкIырт. ЗаIэжьэ хъунутэкъыми, нэхъ гъунэгъу зыхуащI, ягъэбэлэрыгъри, къахуэкIуэ нэмыцэр ирауд, ягъэундращхъуэри, къахьри къокIуэж. КъалъыкъуэкIа зэфIэкIымрэ зэрахьа лIыгъэмрэ папщIэ, Хэку зауэшхуэ орденым и етIуанэ нагъыщэр щIалитIми къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Бий икIуэтым щIалъхьэ лагъымхэм ди дзэм и ебгъэрыкIуэныгъэр зэтраIыгъэрт. Джазэ Исмэхьил сапёр Iэзэти, ахэр къилъыхъуэурэ зэпкърихырт, техникэм гъуэгур хуит яхуищIырт. ЗауэлIхэр зрикIуэну гъуэгур щигъэкъабзэм, гъущI кIапсэ сатырхэм хуозэ. ЛIыгъэ зыхелъхьэри, тхыцIэкIэ телъу, сапёр лэныстэкIэ зэпиупщIурэ Iуилъэфу хуожьэ. Асыхьэтым дунейр зэуэ нэху къохъу. Нэмыцэхэм хьэрэкIытIэр яутIыпщырт. Арыххэу автомат уэ макъ къэIури, Исмэхьил и Iэ лъэныкъуэр гуэхуащ. УIэгъэ хьэлъэти, игъэзэжыну хуитт, ауэ къикIуэтакъым, и Iэблэм лъыр къызэрыфIэжу, иужьрей банэ кIапсэр зэпиупщIыху увыIакъым. Ар гулъытэншэ хъуакъым - «Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ» медалыр кърататщ. Бийм и «Тигр» танк лъэщыр щызэтрикъутами, апхуэдэ дамыгъэ дыдэ къыпэкIуащ.

Джазэр зыхэт 114-нэ сапёр батальон щхьэхуэм «ебгъэрыкIуэ комсомол бригадэкIэ» еджэрт. А цIэр абы хуэфащэу зэрихьэрт. Командирхэм фIыуэ ящIэрт гупым зэфIэкI зэриIэр, зауэ хуэIухуэщIэхэм зэрыхуэIэзэр, унафэхэр тIу зэрамыщIыр. Арат нэхъ къалэн гугъухэр а батальоным и пщэ щIралъхьэр.

ЛIыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу езэуащ Исмэхьил бий ерум, псээпылъхьэпIэ Iэджэми къиxутащ. Гъунапкъэншэт Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр икIи абы хуэпэжт.

Бийм зыщигъэбыда лъагапIэ гугъу гуэр ди дзэм къищтэн хуейти, зызэщIагъэуIуауэ ипэкIэ кIуатэрт. ЛагъымкIэ «зэщIэбла» губгъуэм щыхуэзэм, ди зауэлIхэр игъуэлъыкIащ. ЛъагапIэм хащIыхьа дзотхэм къиукIыурэ, фашистхэр гуащIэу къахэуэрт. Ар къызэтегъэувыIэн хуейуэ унафэ къащыIэрыхьэм, Исмэхьил зыхэт гупым «ура» жаIэу зрачри, бийм и быдапIэр пхатхъащ. IэпщэрызауэмщIыхуэкIуэм, Джазэм фашист зыбжанэ хигъэщIащ. А щIыпIэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщат щIалэм.

Къэрал дамыгъэхэр и бгъэм къыхэлыдыкIыу къэзыгъэзэжа Исмэхьил колхоз лэжьыгъэми и гуащIэ хьэлэл хилъхьащ. Мамыр гъащIэм хыхьэжри, и цIэр фIыкIэ жригъэIащ, губзыгъэу, гуащIафIэу, нэхъыжь Iумахуэу, ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэ-ущиякIуэу къэгъуэгурыкIуащ. Зауэм къыщихьа къэрал дамыгъэ лъапIэхэм къадэкIуэу, «Къигъэлъэгъуа гуащIэдэкI лъагэм папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр къыхуагъэфэщащ.

АдыгэлI нэс, гуапагъэр къызэбэкIыу псэуа Джазэ Исмэхьил пасэу дунейм ехыжами, и къуажэгъухэм ящыгъупщэркъым, и фэеплъым пщIэ хуащIу, и цIэр жаIэрейщ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Кхъухьлъатэ тIысыпIэм къахохъуэж

УФ-м ТранспортымкIэ и министерствэм хъыбар зэрыдигъэщIамкIэ, Краснодар аэропортым лэжьэн щIидзэжащ фокIадэм и 11-м.

ДЫЗЭРЫТ мазэм Санкт-Петербург, Екатеринбург, Красноярск, Уфа, Казань, Новосибирск къилъэтыкI кхъухьлъатэхэр абы къригъэблэгъэнущ. ФокIадэм и кIэм «Аэрофлот»-м и мурадщ нэгъуэщI къэралхэм зэрылъатэр - Ереван, Истамбыл, Дубай - зэтриублэжыну.

Аэродромымрэ техникэхэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэм хуэхьэзырщ, терминалхэр ирагъэфIэкIуащ. Росавиацэр щыхьэт техъуащ шынагъуэншагъэм ехьэлIа Iуэхухэр къызэрызэрагъэпэщами.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2022 гъэм мазаем и 24-м къыщыщIэдзауэ Урысейм и ипщэ, ику щIыналъэхэм я аэропортхэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIауэ щытащ. Анапэ, Дон Iус Ростов, Брянск, Воронеж, Белгород, Курск, Липецк, Симферополь къалэхэм я аэропортхэм лэжьэн щIадзэжакъым иджыри. 2024 гъэм и накъыгъэм Элиста дэт аэропортым лэжьэн щIидзэжащ, 2025 гъэм и бадзэуэгъуэм - Геленджик аэропортым. Япэм мы гъэм цIыху мин 43-м щIигъум Iуэхутхьэбзэхэр къахузэригъэпэщащ, етIуанэм - цIыху мин 77-м щIигъум.

Къапхъэн къахуигъэуву къалъытэ

США-м и Президент Дональд Трамп Китайм хуэгъэзауэ санкцэхэмрэ пошлинэхэмрэ гъэувыным къызэрыхуриджэм Европэ унафэщIхэм дзыхь трагщIэркъым, уеблэмэ къапхъэным ихуэнкIэ зэрыхъунум тошыныхь.

POLITIKO къыдэкIыгъуэм зэритхымкIэ, США-м и Президентым НАТО-м хэт къэралхэр къыхуриджащ Китайм къраш хьэпшыпхэм тралъхьэ ахъшэр (пошлинэр) процент 50-100-м нагъэсыну, ар Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъур къызэтегъэувыIэным сэбэп хуэхъуну къызэрилъытэр яжриIэу.

Абы теухуауэ Трамп епсэлъащ Европей комиссэм и унафэщI Урсулэ фон дер Ляйен. Урысейм щIэрыщIэу къыпагъэувыну санкцэхэр теухуауэ щытынущ криптовалютэм, банкхэм, энергетикэм.

«Китаймрэ Индиемрэ сату дэдмыщIэуи? ДыхилъэфэнущI», - жеIэ дипломатхэм ящыщ зым.

ФокIадэм и 18, *махуэку*

♦**Псым и фIагъыр къэпщытэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1906 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта **Хьэбэчыр БетIал**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня**.

Дунейм и щытыкIэнур:

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр щытехьэ-текIщ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 14 щыхъунущ.

ФокIадэм и 19, *мэрем*

♦**Iэщэ зыщIым и махуэщ.** УФ-м и Президентым 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м къыдигъэкIа унафэмкIэ ягъэуващ.

♦**1544 гъэм** къалъхуащ урыс пащтыхь гуащэу щыта **Идар Гуащэнэ**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, публицист **АбытIэ Владимир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градус 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къомыхъуэжынур, къомыщэжынур уи анэрэ уи нитIрэщ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Бэгъуэну хуимытахэр

ФокIадэм и 1-м Данием и премьер-министр Фредериксен Метте щхьэусыгъуэ нэщхъейкIэ цIыхубэм я пащхьэм къихьащ. Абы «къытхуэвгъэгъу» яжриIащ Данием и зы Iыхьэу ябж Гренландием щыщ цIыхубзхэм.

КЪЫЗЭРЫЩIЭКIЫМКIЭ, иужьрей илъэс 30-м а хытIыгум щыщ хъыджэбз цIыкIухэм я узыншагъэм езыхэм ямыщIэу «ебгъэрыкIуащ», сабий ямыIэн хуэдэу. «Дэ къэхъуам зыри тхуещIэжынукъым, - щыжиIащ премьер-министрым и къэпсэлъэныгъэм, - ауэ дяпэкIэ абы щхьэкIэ жэуап зэрытхьыр тщIэуэ дыпсэунущ».

ЗымащIэкIэ зэманыр идгъэкIуэтыжмэ, Европэм ит къэрал псоми япэ иту, Данием 1929 гъэм хабзэ къищтауэ щытащ «дагъуэ зиIэхэм», «зыгуэр къызыхуэт цIыхухэм» бын къыщIамыгъэхъуэну хуиту. 1929 - 1967 гъэхэм къриубыдэу, цIыху мин 11-м бын яIэн Iэмалыр фIагъэкIуэдащ. Иужьрей операцэхэр щрагъэкIуэкIар 1972 гъэрщ. ЖыпIэнкIэ, хабзэр зыхуэгъэзар щIэпхъаджагъэр зи лъым хэту фэ зраплъхэрт, ауэ ипэжыпIэкIэ абы нэхъыбэу къызэщIиубыдар лъэпкъ цIыкIухэм къыхэкIахэрщ. «Данием щыщхэр» жаIэ щхьэкIэ, хабзэр нэхъыбэу къыщагъэщхьэпар щIыналъэ щхьэхуэ хуэдэу, ауэ хуитыныгъэ нэгъэса имыIэу, автоном щIыналъэ Гренландием щыщ эскимосхэм я дежщ, абыхэм иджыри «инуит»-кIэ йоджэ. Адыгэбзэ къабзэкIэ жыпIэмэ, цIыхуфэ зрамыплъ, лъэпкъ нэхъыкIэу ябжым къыхэкIа, кIуэдыжыпэми ядэ цIыхухэм бэгъуэн Iэмалыр фIагъэкIуэду арат. Абы щхьэкIэ илъэс 12 - 13 ирикъуа хъыджэбз цIыкIухэм я узыншагъэм дохутыр жыIэдаIуэхэр хагъэIэбэрт.

Мыпхуэдэ цIыху бгъэдыхьэкIэм зыщиубгъуар Хэку зауэшхуэм и зэманырщ, 1943 гъэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, зы цIыху лIэужыгъуэр, лъэпкъыр, фэр адрейм нэхърэ нэхъ лъагэу къалъытэн зэрыщагъэтрэ куэд щIакъым. Япэ дунейпсо зауэм щIалэ узыншэ куэд зэрыхэкIуэдар ялъэгъуати, дяпэкIэ езыхэр зыхуейхэм хуэдэ дунейм къыррагъэхьэн хуитыныгъэр зыгуэрхэм я щхьэ тралъхьэжат. Фашизм хъужыр аракъэ?

Мы Iуэхум теухуауэ интервью къызыIаха гуэрым Данием а Iуэхум зыщиубгъупауэ зэрыщытар къеIуэтэж:

- Хуабжьу мыбы тепсэлъыхьын щIэзыдзар социал-демократ партым щыщ министр Стейнке Кристиант. Нобэ ар хьэдэгъуэдахэу къытфIощI. Ауэ щыхъукIэ, а зэманым къэралым цIыху «нэмыщIысахэр» зыхигъэкъэбзыкIыныр фIэзахуэт. Ар уеблэмэ щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм, политикхэм ядэрт. Зи гугъу сщIа министрым «КъэкIуэну зэманыр егъэфIэкIуэн» зыфIища тхылъым щитхырт: «Дэ дагъуэ зиIэ цIыхухэм гуапэу, фIыуэ дахущытщ, бын къащIэхъуэну хуит дымыщIу аркъудейщ».

«ФэкIэ цIыхухэр зэхэдзын» зыфIаща хабзэм ипкъ иткIэ, 1930 гъэхэм цIыху мин 300-м нэс щаукIауэ щытащ Германием. Гитлер мелуан бжыгъэкIэ цIыху зэрыригъэукIари къызыхихар «мыхьэнэншэхэр зыхигъэкъэбзыкIын» папщIэщ.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм иужькIэ цIыху щхьэхуэр цIыхубэм нэхърэ нэхъ лъагэу зыгъэув хабзэ ООН-м къищтэри, мыхъумыщIэу къалъытэхэм лъхугъэр фIагъэкIуэдын щагъэта хуэдэу хъуащ. Ауэ гъэщIэгъуэныр аракъым. Мы Iуэху гущIэгъуншэм епха унафэхэр къэзыщтахэри ар зыгъэзащIэхэри «цIыхуфI защIэщ», «гущIэгъу» жыхуаIэр нэгъуэщIу къагурыIуэ къудейуэ.

Псалъэмакъыр щIетшэжьа эскимос хъыджэбз цIыкIухэм иращIахэм и Iэужь нобэ къэралым къыщоIу. А псор хэIущIыIу щIэхъуар США-м и президентым Гренландиер къищэхун мурадыр щIэх-щIэхыурэ къызэригъэIурщ, хытIыгум хъугъуэфIыгъуэ щIэлъхэм я нэр къазэрыхуикIым къыхэкIыу. Даниер абы хуейкъыми, Гренландием цIыхум и хуитыныгъэм пщIэ щыхуащIу, зыри щыдамыкъузэу къагъэлъэгъуэну хэтщ.

Зэман гущIэгъуншэм лъхугъэ зыфIагъэкIуэда бзылъхугъэхэр иджы балигъ хъуауэ, щIэблэ ямыIэу дунейм тетщ, я хьэтыр къалъагъуну лъаIуэу. ЦIыхубзи 143-м 1960 - 1970 гъэхэм хэгъэзыхьыгъэкIэ щIэблэ яIэн хуитыныгъэр зэрыпаубыдам къыхэкIыу, Данием и тетыгъуэр судым иратащ. Лей зытехьа цIыхубз къэс езым я ахъшэкIэ кронэ мин 300 иратыжын хуейуэ къалъытэ, долларкIэ - мин 43,5-рэ. Къэралым апхуэдэ «екIужыпщIэр» лей зытехьа дэтхэнэ зыми иритын хуейуэ къалъытэ абыхэм къащхьэщыж зэгухьэныгъэхэм. Пэжыр наIуэ къащIын папщIэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр фокIадэм утыку кърахьэну поплъэ.

«Сыт и мыхьэнэр мы Iуэхум дыщIытепсэлъыхьым?» - жызыIэн щыIэщ. Ауэ хамэ къэралхэм гъащIэри щытелъыджэу, улахуэхэри щыину, я унэхэри дыдейхэм нэхърэ нэхъ щIэращIэу дызэрегупсысым, дэ дызыхуей псори диIэу дызэрыпсэур тщегъэгъупщэ. Щапхъэм и хьэтыркIэ, 1953 гъэм щыщIэдзауэ, а Дание дыдэм къуажэдэс сабийхэр я адэ-анэхэм къытрахыурэ, къалэдэсхэм ирату щытащ, «дание лъэпкъым» хуэщхьэпэн хуэдэу ягъасэу, езыхэм я бзэр ирагъащIэу. А сабийхэм я нэхъыбэм зэи ялъагъужакъым къыщалъхуа я унагъуэхэр. Апхуэдэ щIыкIэу къалэхэм зрагъэужьу арат, зращIэри дызытепсэлъыхь Гренландием щыщхэрт. «Гренландием къикIа делэкIэ» и классэгъухэр къеджэу, зрата мылъху адэ-анэхэм я анэдэлъхубзэмкIэ зэрытхэр кърауды-кIыу зэрыщытар игу къегъэкIыж иджы балигъ хъуа цIыхубзым. Iэ пхъашэм щIапIыкIа сабийхэр гъащIэм зэремызэгъыжри, балигъ хъуа нэужь, зызыукIыж куэд апхуэдэхэм къазэрыхэкIри иджы ябзыщIыжыркъым.

Гренландием щыпсэу эскимосхэм я бжыгъэр мин 200 хъужу аращ.

Ауэ щыхъукIэ, ахэр ди эрэм ипэкIэ илъэс мин 30 - 40 ипэкIэ къэунэхуа лъэпкъщ, я зэхэтыкIэ хабзэхэм зэрызихъуэжаишхуэ щымыIэу. Эскимосхэр я адэжьхэр зытета хабзэхэм тетыжщ, я бзэм иропсалъэ, я дин зэрахьэж, иджырей дунейм зэрахузэфIэкIыу зрагъэзэгъ. Дэри ахэр ди щхьэ, ди лъэпкъ идолъытри, дыкъызэтенэным къару едмыхьэлIэу зэрымыхъунур аргуэру зэ дигу къыдогъэкIыж.

Уеджэну зэи кIасэкъым

Шэшэн Республикэм щыщ Лейдан Iэбубэчыр мы махуэхэм Урысейм хъыбарыбэ зэпыщIапIэу иIэр зытрегъэпсэлъыхь. Илъэс 78-м ит нэхъыжьыфIыр Грознэм дэт къэрал пединститутым шэшэныбзэмрэ инджылызыбзэмрэ щиджын мурадкIэ щIэтIысхьащ.

«СТУДЕНТ нэхъ щIалэ дыдэ» - а цIэмкIэщ шэшэн дадэм и цIэр хъыбарыщIэхэм къызэрыхэщыр. Анэдэлъхубзэр зэрыт щытыкIэмрэ абы езым хищIыхьыфынумрэ зэригъапщэри, Iэбубэчыр «си ныбжьыр хэкIуэтэIуати», «цIыхухэр къысщыдыхьэшхынути» жимыIэу, Iуэхум иужь ихьауэ, япэ курсым щIэсщ.

Нэхъ пасэу дэ дытепсэлъыхьат Толстой Лев и «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» романыр зэрытха урысыбзэмкIэ иджын папщIэ, илъэс 60-м щIигъуауэ урысыбзэ зригъэщIэн щIэзыдзауэ щыта Хобсон Мэри. ГъащIэм щIэлъ IэфIыр къагъэщIэрэщIэжу, я акъылымрэ Iэпкълъэпкъымрэ яхузэфIэкIынур дахагъэм трагъэлэжьэн гукъыдэж зиIэ мыпхуэдэ цIыхухэр мелуанхэм щапхъэ яхуохъу. «Дэтхэнэ зы цIыхуми и бзэр, и щэнхабзэр, и лъэпкъым и лъапIэныгъэхэр ищIэн хуейщ», - жеIэ Iэбубэчыри.

Шэшэн студентыщIэр, хъыбарым къызэрыпфIигъэщIым хуэдэу, щIэныгъэм хуэхей дыдэу щыткъым. И чэзум школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ар Ростов, иужькIэ - Мэзкуу кIуэри, абы пединститут къыщиухауэ щытащ, егъэджэныгъэми пэрытащ, ауэ зыхэпсэукIын къилэжьын, унагъуэ зэгъэпэщын, нэхъыжьхэм якIэлъыплъын къалэным егъэджэныгъэм къыпэришауэ щытащ. ИтIани, щIэныгъэм зэрыхуэпабгъэм къыхэкIыу, езырезыру инджылызыбзэмрэ хьэрыпыбзэмрэ иджыну хэтащ илъэс куэдкIэ, шэшэн литературэмрэ диным епха тхыгъэхэмрэ нэхъ гъунэгъуу зригъэцIыхуу. Егъэджэным пэрыхьэжыну хуей щхьэкIэ, къехъулIэртэкъым.

Илъэс ипэкIэ, зэхуэсыпIэ гуэрым Iэбубэчыр Шэшэн пединститутым и ректор Байханов Исмэхьил щыхуэзащ. Шэшэныбзэр нэхъ кууэ еджапIэ нэхъыщхьэм щиджыжыным зэрыщIэхъуэпсыр щыжриIэм, модрейми дадэр Iуэхум тригъэгушхуащ: «Мы гъэм къэпщытэныгъэхэм зыхуэгъэхьэзыри, етIанэгъэ, упхыкIмэ, укъэтщтэнщ».

Ректорым зэрыжиIам хуэдэу, Iэбубэчыр илъэс псокIэ ищIэмрэ имыщIэмрэ зэхигъэкIыу, тхылъхэм яхэсащ, зигъэхьэзыращ, экзаменхэр итауэ, иджы япэ курсым щIэсщ, инджылызыбзэмрэ шэшэныбзэмрэ зыдж студентхэм я гъусэу. ЕгъэджакIуэхэри еджакIуэхэри дадэм гуапэу къыIущIащ. Езыми абыхэм чэнджэщ ярытыну хьэзырщ, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ щIэныгъэрэ Iущыгъэрэ зэIэпах зэпыту щытын хуейуэ къелъытэ. Нобэ зэрыхуа щытыкIэм Iэбубэчыр апхуэдэ Iэмал гъунэжу кърет.

«Урысейм сыт хуэдэ ныбжьым ит цIыхуми щIэныгъэ иритыну хьэзырщ, дэ Iэмал псомкIи дыкъызэгъэпэщащ. Iэбубэчыр и щапхъэм адрейхэри еджэным нэхъ трегъэгушхуэ», - жеIэ ректор Байханов Исмэхьил.

Хъыбархэм я нэхъ гухэхъуэр Iэбубэчыр и унагъуэм Iуэхур и кIэм нэсыху зэрыщибзыщIарщ. «Уи сурэтыр мыпхуэдэу тлъэгъуащ», - къыжраIа нэужьи, дадэм зыкъиумысыртэкъым, зыгуэрым хагъэзэрыхьа хуэдэу жиIэу. Иджы и хъыбарым интернетыр къекъутэ. Къуэрылъхупхъурылъхуу 7 зиIэ дадэр, зэрыжаIэу, къыщIэщащ, ауэ и щхьэр щIрихьэхын щхьэусыгъуэ илъагъуркъым.

«Сыт хуэдэ ныбжьым сыщитми, сэ щIэныгъэр зыхэт гъащIэм фIэкIа гъащIэкIэ узэджэну зыхуэфащэ щымыIэу къэслъытэрт, - жеIэ Iэбубэчыр дадэ. - Си бынхэми адрей цIыхухэми ирыралъагъу щIэныгъэ зэбгъэгъуэтыныр ныбжьым зэремылъытар, нобэ хуэдэу егъэджакIуэ IэщIагъэм цIыхухэр щыхуэныкъуэ зэман зэи щыIакъым».

ЩIалэгъуалэр иригъэджэну, игъэIущыну щIэхъуэпс Iэбубэчыр, дауи, абыхэм яжриIэн иIэщ. Напэ къабзэкIэ гъащIэм кIуэцIрыкIарщ апхуэдэ гукъыдэж зиIэфынури зыхуейм теIэбэфынури.

«Шагъдийр» фIым я фIыжщ

● Щэнхабзэ

ЦIыхубэ къафэхэмкIэ «Шагъдий» ансамблым япэ увыпIитхур къыщихьащ фокIадэм и 8-м щыщIэдзауэ 15 пщIондэ Китайм и Циньхуандао къалэм щекIуэкIа «Дыщэ утыку» щэнхабзэ фестивальзэпеуэм.

«ШАГЪДИЙ» ансамблым зэпеуэм къыщихьащ «ФIым я фIыж» дамыгъэмрэ унэтIыныгъитхум я щIыхь тхылъхэм я япэ нагъыщэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу 51-рэ зыхэта фестивалым ансамблым щигъэлъэгъуащ къафищрэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ди яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм теухуа «Два народа - два крыла» теплъэгъуэмрэ. КъэпщытакIуэхэм ягу дыхьащ ныбжьыщIэхэм ягъэзэщIа къафэхэр.

- Фестивалым и президентым зэхыхьэм дригъэблэгъащ, ди ныбжьыщIэхэм я къэфэкIэр мызэ-мытIэу илъэгъуати. Зэпеуэм зы мазэрэ никъуэкIэ зыхуэдгъэхьэзыращ, абы ипэкIэ Иорданием ансамблыр зэрыщыIам къыхэкIыу, - жеIэ «Шагъдий» ансамблым и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Унэжокъуэ Заремэ. - Концерт нэужьым къэпщытакIуэ гупым хэтхэр, нэгъуэщI ансамблхэм ящыщхэр, зэхуэсахэр къыдбгъэдыхьэурэ ди лъэпкъ фащэхэмрэ къафэхэмрэ я дахагъэм зэратхьэкъуар зэрыжаIар гуапэ тщыхъуащ. Китайм дызэрыщыIар, ди къафэхэр ягу зэрыдыхьар, зэфIэкIхэр диIэу къызэралъытар гукъинэж тщыхъуащ.

Фестивалым и программэр щIэщыгъуэу къызэрагъэпэщат. Япэ махуэм ди щIыналъэм и лIыкIуэхэр хэтащ Бэйдайхэ къалэм и уэрам нэхъыщхьэм щекIуэкIа зекIуэм икIи концертыр къыщызэIуахым къафэ дахэ ягъэлъэгъуащ. Зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ ансамблым и артист ныбжьыщIэхэр утыку итыхукIэ.

КъыжыIапхъэщ, мы щэнхабзэ фестивалыр Китайм гъэ къэси къызэрыщызэрагъэпэщыр, лъэпкъхэм я щэнхабзэм дуней псор щагъэгъуэзэн мурадкIэ. Китаймрэ Урысеймрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри ягъэбыдэным, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр ирагъэфIэкIуэным щхьэпэ Iуэхущ мы дызыхэтар. Кавказ Ищхъэрэм икIа «Шагъдий» ансамблым къинэмыщIауэ, мы гъэм абы хэтащ Урысейм и щIыналъэ 30-м я лIыкIуэхэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, фестивалым концерт программэу 70-м нэблагъэ къызэщиIубыдэрт. Абы я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ артист ныбжьыщIэу мини 2-м щIигъум.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Спортыр къыхах

«Терроризмэм, экстремизмэм, неонацизмэм спортыр я бийщ» фIэщыгъэм щIэту Шэджэм къалэм щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ республикэ зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ 2009 - 2010, 2011 - 2013 гъэхэм къалъхуахэр, псори зэхэту цIыхуи I20-рэ.

2011 - 2013 гъэхэм къалъхуахэм я зэпеуэм, я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм, дыщэ медалхэр къыщахьащ Хьэбил Идар (кг 35-рэ), Нот Алим (кг 38-рэ), Дыкъынэ Руслан (кг 41-рэ), Ажэгъуей Амир (кг 45-рэ), Къанкъул Ислъам (кг 48-рэ), Чыл Имран (кг 51-рэ), Гуанэ Дамир (кг 57-рэ), Бахъуэ Азрэт (кг 60) сымэ.

2009 - 2010 гъэхэм къалъхуахэм я зэпеуэм щытекIуащ Егъэн Айран (кг 45-рэ), Лосэн Кемран (кг 48-рэ), Кхъуэныхъ Дамирлан (кг 52-рэ), Уэдыжь Имран (кг 60), Хъущт Чэрим (кг 65-рэ), Шыгъушх Инал (кг 71-рэ) сымэ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр, фэеплъ саугъэтхэр иратащ.

ЩАУЕЙ Мысост.

Лермонтовым и лIэкIэ зэIумыбзыр

Жэпуэгъуэр гъунэгъу зэрыхъуу, а мазэм дунейм къытехьа Лермонтовыр дигу къыдогъэкIыж. Хьэуэ, мы гъэр абы и ныбжь зэпэбжкъым, усакIуэм и цIэ къыщIитIуэ щхьэусыгъуэр куэдкIэ нэхъ къызэрымыкIуэщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, илъэс 27-рэ фIэкIа мыхъуу, Кавказым зи гъащIэ гъуэгур щызыуха щIалэм и лIэкIэ хъуар илъэси 180-рэ зэрыдэкIам хуэдэу, Iуэху зэIумыбзу къонэ.

«МЫ щIалэ цIыкIур псэужамэ, сэри Достоевскэри дыщымыIэкIэ, ягъэ кIынутэкъым», - хужиIауэ щытащ Толстой Лев Лермонтовым. Чеховми абы и тхэкIэр къызэрымыкIуэу къилъытэрт: «Лермонтовым и бзэм нэхърэ нэхъыфI щыIэу сщIэркъым». Ауэ щыхъукIэ, ахэр зытепсэлъыхьыр усэхэратэкъым, абы и прозэрт.

Илъэс блэкIам и кIэхэм ирихьэлIэу, Къэрал Думэм и депутат, УФ-м и цIыхубэ артист Бурляев Николай жэрдэм гъэщIэгъуэныщэкIэ утыку къихьауэ щытащ. Абы и фIэщу иукъуэдийрт XIX лIэщIыгъуэм щIакIуэкIапэм трашэу, жагъуэгъум и шэр зытехуа Лермонтов Михаил и Iуэхур къэIэтыжауэ, ар зэраукIа щIыкIэр зэхэгъэкIын хуейуэ. Хэт ар Мартыновым зэриукIари щIиукIари зымыщIэр? Арат нэхъ укъэзыгъэуIэбжьыр. Ауэ Iуэхум нэхъ кууэ хэплъахэм зэрыжаIэмкIэ, Iэзэу щIахъума пэжыр нэгъуэщIщ, тщIэуэ къытфIэщIыным зыри хэдмыщIыкIыу аращ.

Дыкъевгъаджэт Бурляевым жиIэм: «Лермонтовым къыщыщIар укI Iуэхуу зэрыщытыр, ар а лъэхъэнэм щекIуэкIрей щIакIуэкIапэ зэдытехьэным зэрыхэмыкIуэдар илъэс 40 ипэкIэ къызгурыIуат сэ. Къэхутэныгъэр езыгъэкIуэкIа IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, шэр Iэпкълъэпкъым щыхыхьэм, абырэ щIымрэ я зэхуакум дэлъар градус 40-щ. Абы къикIращи, ар илъабжьэмкIэ къыщаутIыпщри, ищхьэмкIэ къыдэкIуеяуэ аращ. Дуэлым хэта цIыхуитIыр зым адрейм пэщIэту щIы захуэм тетамэ, апхуэдэу хъункIэ Iэмал иIэтэкъым».

1980 гъэхэм «Лермонтов» фильм трихауэ щытащ Бурляевым. Абы щыгъуэм усакIуэр яукIауэ фIэкIа зи фIэщ мыхъу куэдым яхуэзауэ жеIэ депутатым. Зи гугъу тщIы Iуэхум убгъуауэ тепсэлъыхьащ «Московский комсомолец» газетым и корреспондент Добровольский Александри. «Лермонтовым и Iуэхур къэзыгъэнаIуэ къэхутэныгъэ: урыс усакIуэшхуэр зэраукIа щIыкIэр» тхыгъэм иджыри къэс зэхэдмыха куэдым дыщегъэгъуазэ.

Псоми зэдащIэ хъыбарым ипкъ иткIэ, усакIуэр Псыхуабэ щыIэу, Верзилин Пётр жыхуаIэ генералым и хьэщIэщым щIэсу, дзэм къыхэкIыжа майор Мартынов Николай щыхьэщ, модрейм ар щIакIуэкIапIэм дытеувэну къыпиубыдри, Мэшыкъуэ лъапэм деж щыхэкIуэдащ 1841 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м. Зэныбжьэгъуу щыта щIалитIыр щIызэщыхьар нобэми IупщIкъым. Мартыновым къызэриIуэтэжамкIэ, Лермонтовым абы хуэмыфащэ псалъэхэр къызэрыриутIыпщарщ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр.

Бысыму щыта Верзилиным и пхъум ахэр зэрызэщыхьар езым и нэкIэ илъэгъуащ, зэритхыжари мыпхуэдэущ: «Бадзэуэгъуэм и 13-м хъыджэбз, щIалэ зыбжанэ ди деж щызэхуэсат. Псалъэ пхъашэкIэ узэджэн зыри къапсэлъакъым, ауэ дыхьэшхэн куэд жаIэрт. Трубецкой джыназыр роялым еуэрти, абдеж дыдэм щыт си шыпхъу нэхъыщIэ Надеждэ егъэлеяуэ гуапэу епсэлъылIэ Мартыновыр ди нэм къиубыдащ. Лермонтовым абы щыдыхьэшхын щIидзащ, «къамэшхуэ зыкIэрыщIа бгырыс» псалъэхэр франджыбзэкIэ къыхигъахуэу. (Мартыновым адыгэ цей щыгъ хабзэт, къамэ абрагъуи кIэрыщIат). Ар Лермонтовым щыжиIэмрэ Трубецкойм роялыр щытрипIэжымрэ зэтехуэри, «къамэшхуэ зыкIэрыщIа бгырыс шынагъуэр» хьэщIэщым щIэс псоми зэхахащ. Мартыновым и Iупэхэр зэтрикъузэри, и нитIым хъуэпскI къыщIихрэ и фэр пыкIауэ, Лермонтовым бгъэдыхьэри жриIащ: «Дапщэрэ бжесIа цIыхубзхэр щыту, апхуэдэу умыгушыIэну?»

Дэфтэрхэм яхэлъщ езы Мартыновыр 1841 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м хабзэм ирашэлIа нэужь, ирата упщIэхэмрэ къарита жэуапхэмрэ:

«Псыхуабэ сызэрыкIуэрэ, Лермонтовым зы Iэмали блигъэкIакъым, си гуапэ мыхъун гуэр къызимыпэсу. Зыми игу темыхуэн ауанхэр, псалъэ жагъуэхэр, сытми, цIыхум и пщIэр иумыудыхыпэу, ебутIыпщ хъуну зыри къигъанэртэкъым. Абы кIэ естыну мурад сщIащ. А унэм сыкъыщыщIэкIыжым щыгъуэ, иджыри зэ апхуэдэу утыку сыкъриукIэмэ, зэрызгъэувыIэн Iэмал къызэрыхуэзгъуэтынур щыжесIэм, езым сызэпиудри: «Сыбгъэшынэну ухэмыту, щIакIуэкIапэ дытегъэувэ жыIи, зэфIэкIащ. Уэ уощIэ сэ зэи «хьэуэ» зэрыжызмыIэр». Абдежым езым и унэм дынэсати, си секундантыр *(дуэлым езым и Iуэху щызезыхуэну дэIэпыкъуэгъур* - **Ч. М.**) къызэрыхуэзгъэкIуэнур жесIащ».

Хуэзыгъэфащэ щыIэщ а тIур щIызэфIэнар Мартыновыр Лермонтовым и усэкIэ Iэзагъым зэрефыгъуэм къыхэкIауэ. Дзэм къыхэкIыжа Мартыновми усэ гуэрхэр иуцIырхъырт, ауэ къехъулIащэртэкъым. Ахэр щызэщыхьа унэр зей Верзилиным ипхъу Эмилие тIури хузэпещэу, хъыджэбзым Лермонтовыр къыхиха хуэдэу жызыIи щыIэщ. Ауэ нэхъыбэм, Мартыновыр яухеижын папщIэ, а псори Iуэхур зезыгъэкIуа жандармым къигупсысауэ трагъэчыныхь.

Псори къыщыхъуа дуэлыр гущIэгъуншэ дыдэу къызэрагъэпэщауэ къаIуэтэж. ЗэпэщIэувахэр «зэхуаку цIыкIу» жыхуаIэм хуэдэу, лъэбакъуэ 35-кIэщ зэпэIэщIэу зэрыщытар. «Фызэбгъэдыхьэ» жаIэмэ, лъэбакъуипщI ячыну, абдежым щыщIэдзауи кIахъур щэрыщэ щIачыну хуитт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, тIум яз хэмыкIуэдэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Ржевский Владимир, Лермонтовым и цIыхугъэ 1841 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Псыхуабэ щыIам, игу къегъэкIыж: «Лермонтовым и гугъу тщIа къудейщ. Хуэмейуэ кIуат ар дуэлым. Нэ-са нэужь, и уэгъуэр Мартыновым иритащ, ущIызэзэуэн хуэдиз къаугъэ я зэхуакум зэрыдэмылъыр, ар щхьэусыгъуэ мыхьэнэншэу зэрыщытыр жриIащ. Ауэ Мартыновым имыдэу, тIуми трагъапсэри, Лермонтовым и фочыпэр Iуишиикlащ, Мартыновым шэр иутIыпщри, мор иукIащ».

УсакIуэр зэрыхэкIуэдар газетхэм къызэрытехуар гъэщIэгъуэн гуэрущ: «Бадзэуэгъуэм и 15-м уафэгъуагъуэрэ уафэхъуэпскIрэ зыщIэт уэлбанэ сыхьэтитхухэм деж Псыхуабэ къыщыхъуащ. А зэман дыдэм Мэшыкъуэрэ Бещторэ я зэхуакум Псыхуабэ зи узыншагъэм щыкIэлъиплъу щыIэ Лермонтов М. Ю. дунейм ехыжащ».

УсакIуэр зыукIар Мартыновыр армырауэ, къурш къуагъым зыкъуэзыгъэпщкIуа нэгъуэщI зыгуэр хуэдэу жызыIэ къэхутэныгъэ 1955 гъэм хэIущIыIу хъуауэ щытащ. Уеблэмэ усакIуэр езыгъэукIар император Николай Павел и къуэрауэ жаIэрт. Абы къыхэхъуэжащ 1896 гъэм къэзакъ гуэрым и лIэгъуэр къыщысым, и попым щэхуу хуиIуэтэжа хуэдэу кърахьэжьар: унафэ къыхуащIри, гъуанэдэууэ зыгуэр иукIауэ щытащ, иужькIэ къищIащ ар усакIуэ Лермонтоврауэ зэрыщытыр. 1960 гъэхэм Iуэхур щIэрыщIэу къаIэтыжри, дуэлыр щекIуэкIа Мэшыкъуэ и лъапэр криминалистхэм зэпаплъыхьащ. Гу зэрылъатамкIэ, ахэр зытета щIыр захуэт, гъуанэдэууэ къеуам зыщигъэпщкIун щIыпIэ иIэтэкъым.

ИтIани, шэч зыщIхэм я макъыр а псом щхьэкIэ нэхъ лъахъшэ хъуркъым. Къэхутэныгъэхэр иджыри ирагъэкIуэкI.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

Иужь джэгугъуэра псори щызэхэкIынур?

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей гъэмахуэ зэхьэзэхуэр иухыным джэгугъуитI фIэкIа къэмынэжами, абы щытекIуэнур иджыри наIуэкъым.

БЛЭКIА джэгугъуэм пашэхэр лъэщу щызэдэбэкъуащ. ИджыпстукIэ бжьыпэр зыIыгъ Алътуд и «Искра»-р Бабугент щыIэу щIыпIэ «Логоваз»-м 6:0-у текIуащ. Абы къыкIэлъыкIуэ Псынэдахэ и «Родник»-ми Налшык кIуауэ «Спартак-Д»-м топих худигъэкIащ. Нэхъ гугъу ехьар «Тэрчырщ». Ар Псыгуэнсу къыщыхагъэзыхьащ, ауэ икIэм-икIэжым хэгъэрейхэм 2:1-уэ ефIэкIащ. Иджы псори щызэхэкIыну фэ тетыр пасэу ягъэIэпхъуауэ щыта зэIущIэу мы тхьэмахуэм икухэм зэхэтынуращ. Абы «Тэрчым» къыщригъэблэгъэнущ «Родник»-р. ИужькIэ и гугъу пщIы хъуну къыщIэкIынщ кIэух джэгугъуэм ирихьэлIэу хэт сыт хуэдэ медалхэм щIэбэнынуми.

Турнир таблицэм и иужь увыпIэхэм я гугъу пщIымэ, зэкIэ зэхъуэкIыныгъэншэщ. «Урыхур» и лъабжьэ дыдэм щытщ. Абы пэжыжьащэкъым зи очко бжыгъэм щыхигъэхъуар ящыгъупщэжа Шэджэм и «Черкес»-р.

«Родник»-м щыщ Урысбий Ратмиррэ «Ислъэмейм» щыджэгу Тамаев Аланрэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщаIыгъыщ. Абыхэм я зэныкъуэкъуныгъэри щызэхэкIынур иужь дыдэ джэгугъуэрауэ къыщIэкIынущ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэу щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: «Черкес» (Шэджэм) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2**:**3**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Малка**» (Малкэ) - **6**:**2**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Искра**» (Алътуд) - **0**:**6**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Нартан**» (Нартан) - **3**:**5**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1**:**2**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1**:**6**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу джэгугъуэр щызэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: *фокIадэм и 20-м* - «Черкес» - «Логоваз», «Малка» - «Ислъэмей»; *фокIадэм и 21-м* - «Искра» - «Нартан», «Псыгуэнсу» - «Бедик», «Родник» - «Урыху», «Спартак-Д» - «Тэрч» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Искра»**	**20**	**18**	**1**	**1**	**90-14**	**55**
2.	**«Родник»**	**19**	**18**	**0**	**1**	**97-16**	**54**
3.	**«Тэрч»**	**19**	**17**	**0**	**2**	**77-12**	**51**
4.	«Ислъэмей»	20	10	1	9	60-54	31
5.	«Нартан»	20	9	4	7	67-63	31
6.	«Спартак-Д»	20	7	4	9	49-55	25
7.	«Бедик»	20	6	3	11	35-71	21
8.	«Малка»	20	6	2	12	34-58	20
9.	«Псыгуэнсу»	20	6	2	12	34-67	20
10.	«Логоваз»	20	4	4	12	27-70	16
11.	«Черкес»	20	3	3	14	33-83	12
12.	«Урыху»	20	2	2	16	34-74	8

АР-м и ЛIыщхьэм пщIантIэхэр къызэхекIухь.

ПщафIэ Iэзэхэм шхыныгъуэхэр ягъэхьэзыр.

«Налмэсыр» къофэ.

Адыгейм и «дыщэ хужьыр» яIэт

Адыгэм и дуней щIэращIэмрэ лъэпкъыр щызэхыхьам деж и бжьыфIагъымрэ щынэрылъагъу зэхыхьэ ин хъуат мы гъэм АР-м щекIуэкIа Адыгэ кхъуейм и XIV фестивалыр. Абы щызыхэпщIэрт икIи нэрылъагъу щыпщыхъурт узыгъэгушхуэу ди лъэпкъым иIэ хъугъуэфIыгъуэхэр – адыгагъэр, цIыхугъэр, гуапагъэр, хабзэр, фащэр, ерыскъыр, берычэтыр, щэнхабзэр, нэгъуэщI куэди.

МИС А ПСОМКIИ бейуэ махуитIкIэ екIуэкIащ адыгэ кхъуейм траухуа зэхыхьэшхуэр. Абы къекIуалIэр адыгэм и закъуэкъым, атIэ Адыгейм ис нэгъуэщI лъэпкъхэри, сытым дежи туристкIэ бей щIыналъэм щыхьэщIэхэри хэтщ. Барнаул, Мюнхен, Ростов, Дубай, Омск – мыхэр ауэ здыблэкIым къыздикIауэ жаIэу зэхэсха къалэцIэхэщ. ЗыплъыхьакIуэу, зыгъэпсэхуакIуэу къызэхуэсахэм жаIэрт я зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр мы фестивалыр щекIуэкIынум трагъахуэурэ Адыгэ кхъуейм и махуэм къызэрыкIуэр. Мызэ-мытIэу щыIахэр гъунэжт. Си цIыхугъэу Европэм къикIа гуп зэрыIыгъми сащрихьэлIащ Дахэ губгъуэшхуэм. ЖыпIэнуракъэ, цIыху мин 70 хэтащ Адыгэ кхъуейм и махуэм, дигу къинэжын телъыджэ куэди щытлъэгъуащ. Фестивалым цIыхуу къекIуэлIар зэрыкуэдыр къалъытэри, губгъуэм шэтырхэр щагъэуват, дыгъэм щыхьума, IэфIу шха хъун щхьэкIэ. Абы щагъэува Iэнэхэм къызэхуэсахэр чэзууэ пэрытIысхьэурэ едзакъэрт, удзыпцIэм хэт итIысхьэпIэ щабэхэм зыщагъэпсэхурт.

Иджы епщыкIуплIанэу екIуэкI фестивалым и утыку нэхъыщхьэр артистхэм зыкъыщагъэлъагъуэрати, сыхьэти 10-м ирихьэлIэу къызэхуэса гупышхуэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ ар езыгъэкIуэкI Мекъул Руслан, IэхъуэджакIуэ Рузанэ, ЛIыхъужь Айдэмыр сымэ икIи «дыщэ хужьым» иращIэкI махуэшхуэр къызэIуихыну къэпсэлъапIэр хуит хуащIащ Адыгэ Республикэм и ЛIыщхьэ КъумпIыл Мурат.

Лъахэм исхэми хьэщIэхэми фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъумпIылым икIи жиIащ адыгэ кхъуейр республикэм лъэпкъ шхыныгъуэ нэхъыщхьэу зэриIэм и мызакъуэу, хамэ къэралхэм къыщацIыху бренд зэрыхъуар. ХьэщIэр къребгъэблэгъэнуи, унагъуэм щыпшхынуи, гъуэмылапхъэ пщIынуи зихуэдэ зэрыщымыIэр къыхигъэщащ УнафэщIым. «Абы ди республикэм цIыхухэр кърешалIэ икIи ди экономикэм хэхъуэ къыхуехь. Ди кхъуейр пасэм адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта Iэмалхэм тету ящI, дэтхэнэми езым и щэху иIэжу. Гъэ къэс ди къэралми нэгъуэщI щIыналъэхэми щащэн хуэдэу нэхъыбэ къызэрыщIэдгъэкIыным иужь дитщ, гъэшхэкIыр зыщI IуэхущIапIэхэм дадоIэпыкъу къэралым къарит Iэмал псори къагъэсэбэпынымкIэ. Ди лъэпкъ шхыныгъуэр нэхъыбэм къацIыхунымкIэ, и IэфIагъыр къащIэнымкIэ Iэмал гъуэззэджэщ мы зэхыхьэр», – жиIащ КъумпIылым.

Адыгэ макъамэ гуакIуэм щIэту я бжэхэмрэ куэбжэхэмрэ къызэIуахащ АР-м и щIыналъэхэм Дахэ губгъуэ хуитышхуэм иращIыхьа пщIантIэхэм. Ахэрат Iуэхум и курыхымрэ и фIыпIэмрэ зыгъэлъагъуэр, ахэрат унэгуащэхэм гухъур щаIыгъа, лIыхэм шыгукIэ къыщакIухьа лъэхъэнэ лъандэрэ адыгэм къикIуа гъуэгуанэмрэ нобэ абы игъуэта псэукIэ зэпэщымрэ нэрылъагъу пщызыщI ерыскъыхэмрэ хьэпшыпхэмкIэ узэда пщIантIэхэр зыухуар. АР-м и ЛIыщхьэ КъумпIыл Мурат къикIухьурэ зригъэлъэгъуащ къалэхэмрэ районхэмрэ ягъэува пщIантIэхэр. Абыхэм къаIэта ерыскъым едзэкъащ, къафэхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ ирагъэблагъэурэ нэжэгужэу яхэтащ.

Бгъэныщхьэ унэ, кхъуей теплъэу щIа унэ, ятIагъуэкIэ яйя лъапсэ, гуэн, гуэщ – берычэтыр щIэзрэ цIыху нэфIэгуфIэ хьэлэлхэр щызэхуэса пщIантIэхэр ягъэщIагъуэу къызэхакIухьырт цIыхубэми, къулыкъущIэхэми. А махуэм адыгэмэ зыщымыуа зы ерыскъыи, зы хьэпшыпи щыплъагъунутэкъым Iэгъуэблагъэм. Зи махуэр кхъуейрати, ар цIынэу, гъэгъуауэ, гъэжьауэ, IэшкIэу, матэу, упщIэтауэ, хъурейуэ, ухуэнауэ, благъэу, шыхьауэ, зэкIуэцIылъу, плъыжьу, хужьу, гъуэжьу, уеблэмэ таж тегъэсауэ нэм къыщIидзэрт. Адыгэ кхъуей хэлъу морожнэ, ар зыхэлъ кIэнфет, печенэ, адыгэ кхъуей зыдэлъ хьэлывэ, шыпс, пIастэ, лы-лэпс, лыбжьэ, мэлыл - куэд дыдэт кърахьэжьар. Дэтхэнэ зы пщIантIэми цIыху 200-м нэс зэригъэшхэн ерыскъы щапщэфIырт, щIэупщIэ зиIэр адыгей хьэлывэрати, шыуанышхуэкIэ ихъуреягъым зэпымыууэ щагъэжьэрт. МыIэрысэр зи дамыгъэ Мейкъуапэ и пщIантIэм мыIэрысэ теплъэ зиIэ Iэнэхэмрэ шэнтхэмрэ щегъэувэкIат, IэпэIэсэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щагъэлъагъуэрт, мыIэрысэхэр матэхэм илъу щагуэшырт, киллограм 500 къашауэ. Махуэшхуэр къыщIызэрагъэпэщар цIыхухэрати, ягъатхъэрт. Ауэ дэтхэнэ районми зэрызигъэхьэзырар къэзыпщытэ гупи зэхашати, щхьэж зыхуэкъулеймрэ зыхуэхьэзырымрэ дахэу я пащхьэ ирахьэрт.

Хуабжьу удзэзыхьэхт бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу, цIыхухэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэнын Iэмалхэр къэлъытауэ Мейкъуапэ къалэ, Мейкъуапэ районым, Адыгэкъалэ, Щэуджэн, Тэхъутэмыкъуей, Теувэж, Куэшхьэблэ, Красногвардейскэ, Джыджы щIыналъэхэм утыку кърахьахэр. Фестивалым щызэпеуащ адыгэ кхъуеймрэ шэхэкIхэмрэ зыщI IуэхущIапIэхэри.

Ерыскъыри хьэпшыпри адыгэ теплъэт

ЩIыпIэ хэха яIэу я IэдакъэщIэкIхэр утыку кърахьащ республикэм ис бзылъхугъэ IэпэIэсэхэмрэ фэм, гъущIым, пхъэм елэжь IэщIагъэлIхэмрэ. Апхуэдэу Гумэ Ларисэ, Акъуш ФатIимэ, Пэрэныкъуэ Рузанэ, Бэджокъуэ Бэллэ, Мыгу Рузанэ сымэ я фащэхэмрэ зэрызагъэщIэращIэ хьэпшыпхэмрэ зэхыхьэр ягъэдэхащ. Адыгэ шыфэлыфэмрэ дамыгъэхэмрэ къызытещ хьэпшып, щыгъын щIынкIэ Адыгейм япэ ищыфын хэгъэгу щыIэу къыщIэкIынкъым.

Бзылъхугъэ IэпэIэсэхэми цIыхухъу IэпщIэлъапщIэхэми утыку кърахьахэм ди лъэпкъ псэукIэр уи нэгу къыщIагъэхьэрт. ЦIыкIуи-ини щызэблэкIырт дыщэидэм, хэдыкIым, дэным зыщыхуагъасэ щIыпIэхэм.

ЛIышэ Ахьмэд 1990 гъэ лъандэрэ ещI пхъэм къыхэщIыкIауэ адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмрэ лъэпкъ дамыгъэхэр къызытещ зэрыпщафIэ, зэрыIэбэ Iэмэпсымэхэмрэ. «Сэ пасэрей IэщIагъэр зэрысхъумэнум иужь ситщ, ауэ 21-нэ лIэщIыгъуэм дыщыщыпсэукIэ, абы щIэ гуэр хэслъхьэным, нобэрей зэманым екIуу сщIыным согугъу», – жеIэ Ахьмэд. ПщэфIапIэм къыщагъэсэбэп хупхъэ, бэлагъхэм я деж щыщIэдзауэ республикэм, лъэпкъым и дамыгъэхэр зытет саугъэтхэм я деж щиухыжу Ахьмэд и Iэм имыщI щыIэжкъым. Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий щхьэгъусэ къыщишэм адыгэ фащэ яхуэзыдар Сэралъп Мадинэмэ, унагъуэщIэм къахэхъуа сабийр зэрылъыну гущэр зыщIар ЛIышэ Ахьмэдщ. Мис апхуэдэ гъэщIэгъуэн куэд къыщытщIащ фестивалым.

Уеблэмэ, дыуэршэру дыздэщытым, ди пащхьэм зы гъэщIэгъуэн къыщыхъуащ. ПщIантIэхэм ящыщ зым дыдэту адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа щIалэщIэ гуп къыдыхьащ, напIэдэхьеигъуэм зым иIыгъа щIакIуэм пщащэ цIыкIур кIуэцIигъэдджэразэщ, и плIэм дилъхьэри, ирихьэжьащ. Абыхэм я лIыкIуэ ХъуэкIуэн Хьэмед пщIантIэм дэтхэм къахыхьащ. Абы жиIащ щIалэмрэ пщащэмрэ зэрызэрыцIыхур, унагъуэщIэ зэдаухуэнуи зэрызэгурыIуар, хабзэм тету псори дахэу къызэрекIуэкIынур, куэд мыщIэу хьэгъуэлIыгъуэр къызэрыдахынур.

АпщIондэхукIэ нэгъуэщI пщIантIэм пшынэ макъ къыщоIу. Абы нэчыхь щыхуатхырт Адыгэкъалэ щыщ щIалэмрэ пщащэмрэ. ЦIыху мин 70 хэту а махуэм екIуэкIащ зы хьэгъуэлIыгъуэ, фестивалым унагъуэщIэ къыщыунэхуащ. ЗэрыжаIамкIэ, щауэмрэ нысащIэмрэ нэгъабэ екIуэкIа зэхыхьэм щызэрыцIыхуат.

ЛIыщхьэмрэ журналистхэмрэ зэхуозэ

Хабзэ зэрахъуэхъуауэ, зэхыхьэшхуэм журналистхэри ирагъэблагъэ гъэ къэс. АР-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хамэ къэралхэм щыпсэу я лъэпкъэгъухэм запыщIэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым дригъэблэгъащ Ипщэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ хэгъэгухэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ журналистхэр. ДыщыпсэунуРи щIыпIэ нэхъыфI дыдэу къыхахри, Дахэ губгъуэшхуэм дызэрашэну-дыкъызэрашэжыну машинэхэр яубзыхуауэ дынэсащ. Комитетым и унафэщI Дол Долэт дызэригъэцIыхуащ, КъБР-м, КъШР-м икIа адыгэ журналистхэм къытщыгуфIыкIащ, мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр ди зэкъуэшыныгъэр зыгъэбыдэ зы лъэбакъуэу зэрыщытыр къыхигъэщащ. А зэкъуэшыгъэмрэ зэIыхьлыгъэмрэ зыхэтщIэу дыщыIащ фестивалым. Налшык, Черкесск дыкъикIауэ къэзыщIэ бысымхэм дыздэтIысыр яфIэгъуэрт, дагъэшхыр яфIэмащIэт.

Адыгэ Республикэм и ЛIыщхьэ КъумпIыл Мурат пщIантIэхэр къыщызэхикIухьым, езыр къыщалъхуа къуажэр зыхэт Красногвардейскэ районым журналистхэм къыщытхуэзащ. Абдеж сэлам гуапэ къыщыдихащ икIи къытщIэупщIащ. Япэу упщIэ езытыну къызыхуихуар сэрати: «**Мыпхуэдиз цIыху щызэхыхьа фестивалым и къалэн нэхъыщхьэу къыплъытэр сыт? Iуэхур адыгэ кхъуейм щытеухуакIэ, адыгэ кхъуей щащI адрей хэгъэгухэри** *(адыгэ зэрыс республикэхэрат зи гугъу сщIыр – Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ)* **къыхэвгъэхьэу щIыналъэзэхуаку фестиваль фщIыным дауэ уеплърэ?**» сеупщIащ.

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ нэгъабэ Адыгейм кхъуейуэ тонн мин 32-рэ къызэрыщыщIагъэкIар. Совет лъэхъэнэр къапщтэмэ, Щэуджэн районым дэт заводым псом япэ кхъуей куэд къыщыщIигъэкIат икIи ар ди лъахэм зэрыщащIам щхьэкIэ, дэфтэркIэ «адыгей кхъуей» фIащащ. Мис абы лъандэрэ илъэситху къэс хэхъуэ зэпыту йокIуэкI кхъуей зыщI заводхэри, кхъуейуэ тщIэри. Мыр адыгэ ерыскъы къудейуэкъым нобэ къызэрытлъытэр, атIэ республикэм и экономикэм и Iыхьэ купщIафIэ хъуащ.

Нобэ фэ фолъагъу пщIантIэхэр фестивалым зэрыхэтыным хуабжьу зэрызыхуагъэхьэзырар, творческэ бгъэдыхьэкIэ иIэу шхыныгъуэхэр утыку къызэрырахьэр. Абыхэми зэхыхьэм и пщIэр къиIэту къысщохъу. ЕтIуанэрауэ, кхъуей зыщIхэм я Iуэхум гъэ къэс зэрызрагъэзубгъунум иужь итщ. Джыджы районым, псалъэм къыдэкIуэу, тонн мин 19 къыщыщIагъэкIащ, тонн мин 32-м щыщу. Гу лъыфтамэ, адыгэ кхъуейм и закъуэкъым къыщIэдгъэкIыр, нэгъуэщI лIэужьыгъуэ куэди ящI хъуащ. Абы нэхъ зиубгъуху, лэжьапIэ IэнатIэ нэхъыбэ къыдет, бюджетым иIэ хэхъуэр нэхъыбэ мэхъу.

Езы фестивалым и гугъу пщIымэ, ерыскъыхэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къудей мыхъуу, лъэпкъ щэнхабзэхэри IэпщIэлъапщIагъэри утыку къыщрахьэ. Нэгъабэ цIыху мин 50 хэтащ, мы гъэм нэхъыбэж зэрыщыIэр хьэкъщ. Ар къэтлъытауэ, Дахэ губгъуэм нэхърэ нэхъ иныж догъэхьэзыр щедгъэкIуэкIыну, гъуэгур тралъхьащ, губгъуэр зэIузэпэщ ящI, илъэс гъунэгъухэм Дэгукъуэ дгъэIэпхъуэну ди мурадщ.

Мис абы щыгъуэм деж ди гуапэ дыдэу къедгъэблэгъэфынущ ди къуэш республикэхэри, пщIантIэ хэхахэр къыщызэIуахынщи, кхъуей лIэужьыгъуэхэр щагъэлъэгъуэнщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, мы гъэм Краснодар крайр япэу хэту аращи, ди гуапэщ ди къуэшхэр тлъагъуну.

Абидокъуэ Люсанэ, *«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ*:

– **Уэ узэреплъымкIэ, сыт хуэдэ районым и пщIантIэра нэхъ зэпэщу фестивалым хэтыр?**

- Лъапсэ псори екIу, зэпэщ хъуауэ къызолъытэ. Псоми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыху куэд къокIуалIэ, куэдым ялъагъу, куэдым йогуэпэкI. Къэбгъэлъагъуэмэ, Мейкъуапэ автобус 12 мы махуитIым щылэжьэнущ, цIыхухэр къашэ яшэжу. Абы къищынэмыщIауэ, псэукIэкIэ нэхъ хуэмыщIа е зи узыншагъэм сэкъат иIэ гупышхуэхэр ди нэIэ щIэту къашэ-яшэж. Адыгэм хьэщIэ зэрищIасэр фэри фощIэ, ахэр зыхуей хуэзэн щхьэкIэ къызэгъэпэщакIуэхэм ялъэкI къагъэнэркъым.

Тау Замирэ, *«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ:*

– **Адыгейм и бренд кхъуейм и пщIэр лъагэ хъу зэпытщ, абы сэбэп хуохъу мыпхуэдиз цIыху къызэкIуалIэ фестивалыр.**

- Ди къэралыгъуэр къапщтэмэ, абы ис дэтхэнэ зы лъэпкъми езым и дамыгъэ, нэщэнэхэр яIэжщ. Ахэращ къэралыр нэхъ лъэщ, нэхъ бей зыщIыр. Адыгэ кхъуейри ящыщщ зи гугъу сщIыхэм. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, ар лъэныкъуэ куэдкIэ къэралым сэбэпынагъ къыхуэзыхь шхыныгъуэщ.

Адыгэбзэмрэ адыгэпсэмрэ

Щхьэхуэу утемыпсэлъыхьынкIэ Iэмал имыIэу гум хопщIэ Адыгэ Республикэм щызэхэпх адыгэбзэр, кIэмыргуей диалектыр, абы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зэрыадыгэгур. Республикэм ис цIыху бжыгъэм и процент 20-25 къудейрщ адыгэр, ауэ адыгэбзэр къэралыбзэу зэрыщытыр щызыхыбощIэ, щагъэлажьэри. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, фестивалыр эфир занщIэкIэ «Адыгей» КъТРК-м къегъэлъагъуэри, ар езыгъэкIуэкI, АР-м щIыхь зиIэ и журналист цIэрыIуэ ТIэш Светланэ сыбгъэдэтщ. Телеэкранхэм занщIэу кърисдзэ нэтыным Светланэ фестивалыр зэрекIуэкIыр къыщеIуатэ. Ар зэм урысыбзэкIэ мэпсалъэ, зэми адыгэбзэ зыкъещI. Адыгэ Iуэхум и дахагъымрэ абы гур къызэриIэтымрэ щытепсэлъыхькIэ, и анэдэлъхубзэр нэхъ къыхихыу, адыгэбзэкIэ зэрылъэлъу мэпсалъэри, бжыгъэ, Iуэхугъуэ гуэрхэр къиIуэтэну урысыбзэм тохьэж, аргуэрыжьщи, адыгэбзэкIэ къыпещэ.

Ауэрэ АР-м и ЛIыщхьэр микрофоным кърешалIэри, фестивалым и мыхьэнэм трегъэпсэлъыхь урысыбзэкIэ, «иджы адыгэбзэкIэ къыджепIэну сыхуейт» жеIэри, упщIэ иретри, КъумпIыл Мурат адыгэбзэкIэ жэуап ет. Апхуэдэм емыса сэ сыкIэлъоплъ си ныбжьэгъум и лэжьэкIэм икIи нэрылъагъу сщохъу урысыбзэри адыгэбзэри къэралыбзэу къэзылъытэхэм я щапхъэ телъыджэр.

Махуэшхуэм къекIуэлIахэм адыгэхэр къахыбоцIыхукI, фащэ ящыгъщ, фащэ зыщымыгъым, адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа джанэ, бостей ящыгъщ е Iэмал имыIэу дамыгъэ гуэр яхэлъщ. Ярэби, мы Адыгейм исхэр дэ нэхърэ нэхъ адыгэу пIэрэ, жыпIэу урегъэгупсыс ди къуэшхэм я зэхэтыкIэм. Адыгэбзэр щыбзэрабзэ, адыгэпсэр щытынш зэхыхьэшхуэм нэхъапэм сцIыхуу щыта адыгэ дунейм зыкъыщызэкIуэцIихауэ къысщыхъуащ си щхьэкIэ. Къызэхуэса цIыху мин 70-м ящыщу адыгэр мащIэ дыдэтэкъэ, турист къомри абы щыхэткIэ?! Ауэ адыгэ фIэкIа здэщымыIэ зэIущIэу къыпщагъэхъурт и хъуреягъым щагъахъэм. Адыгэ фащэ зыщыгъ щIалэ цIыкIу къомыр бэрэбанэ еуэу, урыс фащэкIэ хуэпа пщащэ цIыкIухэм адыгэ къафэ ягъэзащIэу щыплъагъукIэ, гур хэхъуэрт. Фестивалыр лъэпкъ зэныбжьэгъугъэми и джэлэсу зэрыщытыр къэплъагъурт адыгэ хьэщIэщ теплъэмрэ урыс унэм и теплъэмрэ зы пщIантIэм щыдэплъагъуэкIэ, урысхэм хьэлывэр щагъажьэу, мэлылыр щашууэ щыплъагъукIэ. Ахэри нэжэгужэу, я хэку, я лъахэ ягъэфIыну хэту, я щхьэ хуащIыж пщIэм адыгагъэр зэрилъабжьэр жаIэу екIуэкIащ Iуэхур.

КъыкIэлъыкIуэ махуэр лэгъупэжьхэм хухэхат

ЕтIуанэ махуэри гухэхъуэт, республикэм и къулеягъыр Дахэ губгъуэшхуэм и куэщIым илът. Шыуан пщIы бжыгъэхэр щегъэувэкIауэ, унэгуащэ пщафIэхэмрэ лэгъупэжьхэмрэт а махуэр зыхухэхар. Матэ кхъуей хэхынымкIэ, хьэлывэ гъэжьэнымкIэ зэпеуэр пщэдджыжьым щегъэжьауэ пщыхьэщхьэ хъуху екIуэкIащ. А махуэми утыкум итащ АР-м и артистхэр, концертыр ирагъэкIуэкIащ Меркъул Русланрэ ди лэжьэгъу, «Адыгэ макъ» газетым и журналист Ансыкъуэ Иринэрэ. Фестивалыр ягъэдэхащ «Налмэс» къэфакIуэ къэрал ансамблым, «Ислъэмей» гуп цIэрыIуэм, «Мыст» лъэпкъ уэрэджыIакIуэ гупым. КъБР-м икIа «Бзэрабзэ» гупым Лосэн Тимур и пшынэ макъым щIэту уэрэдхэр жаIащ. Дзыбэ Мухьэмэд, Лъашэ Альберт, ЛIыбзу Аслъэн сымэ хэтащ.

АР-м щызэхэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан зи пашэ къэпщытакIуэ гупым лэжьыгъэшхуэ яIащ. Тыныштэкъым, кхъуейм и нэхъыфIри, пщIантIэм и нэхъ дахэри, хьэлывэм и нэхъ IэфIри къыхэпхыну. Ауэ зэпеуэ щыхъукIэ, текIуахэри, егугъуахэри, гугъу ехьахэри къыхэгъэщын хуейти, псоми лъэныкъуэ зырызкIэ я цIэр кърaIуащ. Нэхъыщхьэрати, фестивалым и къалэну щыт зэныбжьэгъугъэр, зэIузэпэщыныгъэр гъэзэщIа хъуащ. Экономикэм лъабжьэ хуэхъу мылъкум щыщ IыхьэфI адыгэ кхъуейм къызэрилэжьыр, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зэригъэбагъуэр, адыгэ щэнхабзэм зэрызригъэужьыр, зыплъыхьакIуэхэр хэгъэгум къызэрыришалIэр, адыгэ хэкум и цIэмрэ и шхыныгъуэмрэ ди къэралым мыхъуу, хамэ къэралхэм къазэрыщригъэцIыхур зи джэлэсу щыта фестивалыр екIуэкIащ нэм илъагъумкIэ псэм зымыгъэнщIу.

Тхыгъэри сурэтхэри
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ *ейщ.*

КъумпIыл Мурат ИФЩI-мрэ КИФЩI-мрэ щыщ журналистхэм я упщIэхэм жэуап ярита нэужь.

ХьэщIэхэр кърагъэблагъэ.

Фестивалыр езыгъэкIуэкIа Ансыкъуэ Иринэрэ абы щыгъ фащэр зыда Мыгу Рузанэрэ.

Къызэхуэсахэр шыпсрэ пIастэкIэ ягъэтхъэжащ.

Адыгейм и бренд нэхъыщхьэр.

УнафэщI-редактор
ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)* ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.295
Заказыр №2012
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(2, 4-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.